ФЕДЕРАЛЬНОЕ АГЕНТСТВО НАУЧНЫХ ОРГАНИЗАЦИЙ РОССИИ

ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ НАУЧНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
«ФЕДЕРАЛЬНЫЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР «КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР РОССИЙСКОЙ АКАДЕМИИ НАУК» (КБНЦ РАН)

НАУЧНО-ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫЙ ЦЕНТР КБНЦ РАН

**«СОГЛАСОВАНО»**
На заседании Ученого совета КБНЦ РАН
«11» июля 2017 г.
Постановление № 7

**«УТВЕРЖДЕНО»**
Председателем КБНЦ РАН
П.М.Иванов ____________
«14» июля 2017 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
## УЧЕБНОЙ ДИСЦИПЛИНЫ
# Б1.В.ДВ.2.2 «ИСТОРИЯ АДЫГСКОЙ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОЙ) ЛИТЕРАТУРЫ»

Направление подготовки
45.06.01 ЯЗЫКОЗНАНИЕ И ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИЕ
Специальность:
10.01.02 – Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа)

Нальчик
2017

**Рецензент:**

Хавжокова Л.Б., кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесской литературы ИГИ КБНЦ РАН.

Рабочая программа дисциплины «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы» / Сост. Х.Т. Тимижев. – Нальчик: НОЦ КБНЦ РАН, 2017. – 32 с.

Рабочая программа составлена в соответствии с Федеральным государственным образовательным стандартом по направлению подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре 45.06.01 Языкознание и литературоведение (уровень подготовки кадров высшей квалификации) (Приказ Минобрнауки России от 30.07.2014, N 903), Порядком организации и осуществления образовательной деятельности по программам подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре (Приказ Минобрнауки России от 19 ноября 2013 г. N 1259), с учетом направленностей образовательных программ, соответствующих научным специальностям, отнесенных Приказом Минобрнауки России №1132 от 02.09.2014 к указанному направлению подготовки.

Составитель Х.Т. Тимижев

Рабочая программа рассмотрена на заседании кафедры языкознания и литературоведения
Протокол от « 30 » 08 2017 г. № 2

Зав. кафедрой Бижоев Б.Ч. дфн, проф.
(ФИО, ученая степень, ученое звание) (подпись)

Руководитель НОЦ КБНЦ РАН Жанокова М.В. к.ф.н.
(ФИО, ученая степень, ученое звание) (подпись)

Тимижев Х.Т., 2017
НОЦ КБНЦ РАН, 2017

## СОДЕРЖАНИЕ

Пояснительная записка……………………………………………………..4
1. Цели и задачи освоения дисциплины………………………………………4
2. Место дисциплины в структуре ООП……………………………………..5
3. Требования к результатам освоения содержания дисциплины……………..5
4. Структура и содержание дисциплины……………………………..............6
4.1. Структура дисциплины ……………………………………………………..6
4.2. Содержание дисциплины ……………………………………………………...6
4.3. Методические указания к самостоятельному изучению разделов дисциплины…………………………………………………………………27
5. Образовательные технологии………………………………………………...29
6. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации……………………………………………………..29
7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины……………….................30
7.1. Основная литература…………………………………………………………..30
7.2. Дополнительная литература…………………………………………………..30
7.3. Интернет-ресурсы……………………………………………………………...31
8. Программное обеспечение современных информационно-коммуникационных технологий……………………………………………………..31
9. Материально-техническое обеспечение дисциплины………………………...31

## Пояснительная записка

Настоящий курс входит в число общепрофессиональных дисциплин и предназначен для аспирантов, обучающихся в аспирантуре по направленности 10.01.02 – Литература народов РФ (литература народов Северного Кавказа). До настоящего времени он носил название «История кабардинской литературы». Однако такое название не соответсвовало содержанию курса, так как культура, в том числе литература дореволюционного периода является общим достоянием всех адыгских народов.

Программа охватывает большой фактологический материал, освещающий историческую динамику восприятия кабардино-черкесской литературы и процессы ее бытования в контексте взаимодействия и взаимообогащения литератур народов Российской Федерации.

Составитель включил в программу курс «Адыгское устное народное творчество», подчеркивая таким образом духовное единство культур адыгских народов (адыгейцев, кабардинцев, черкесов). При составлении программы автор стремился охватить все виды и жанры устной и письменной художественной словесности от ранних форм фольклора до современных литературных произведений во всем многообразии родов, видов, направлений, идейно-тематических и стилевых решений поэзии, прозы, драматургии, научно-критических разработок.

Автор программы руководствуются целостной концепцией развития кабардино-черкесской литературы: от мифологических истоков к фольклору и мифоэпическому сознанию, а от них – к профессиональному искусству слова, новому типу художественного сознания.

В основу периодизации истории кабардино-черкесской литературы положен хронологический принцип:

1. Адыгское устное народное творчество;
2. Адыгская литература XIX – нач. XX века:
   - – предписьменная (авторская) поэзия. Институт джегуако;
   - – раннеписьменная литература. Первые адыгские писатели;
   - – адыгское просветительство.
3. Кабардино-черкесская литература XX – начала XXI века:
   - – 20–50-е годы XX в.;
   - – 60–80-е годы XX в.
   - – 90-е годы XX в. – первое десятилетие XXI в.

Каждый период, в свою очередь, представлен разделами, базирующимися на жанрово-видовом и родовом принципах деления материала:

- – поэзия;
- – проза;
- – драматургия;
- – научно-критическая литература.

## 1. Цели и задачи освоения дисциплины

*Цель освоения дисциплины*: представить полную картину литературной жизни двух последних столетий (XIX–XX вв.) и первого десятилетия XXI в.; охарактеризовать значение этих эпох; продемонстрировать сложную динамику кабардино-черкесского литературного процесса; осуществить анализ состава, структуры и специфики кабардино-черкесской литературы во всем ее объеме, включая и литературу адыгского зарубежья. Слияние этих потоков – рабочая гипотеза курса.

*Задачи дисциплины*:

– показать современное состояние литературы как итог длительного исторического развития этноса и его художественной словесности,

– познакомить аспирантов-филологов с основными фактами жизни и творчества ведущих представителей кабардино-черкесской литературы,

– определить направление их творческой эволюции,

– выявить проблематику наиболее значимых произведений,

– определить отношение адыгских писателей к различным художественным системам.

## 2. Место учебной дисциплины в структуре ОПОП

Данная учебная дисциплина входит в раздел Б1.В.ДВ 2 – «Дисциплины по выбору аспиранта» ОПОП послевузовского профессионального образования (аспирантура).

Для успешного освоения курса аспиранты должны не только знать историю национальной литературы, этапы ее эволюционного пути, но и обязаны глубоко разбираться в проблемах ее зарождения, основных истоках ее развития и художественных особенностях.

## 3. Требования к результатам освоения содержания дисциплины

Процесс изучения дисциплины направлен на формирование элементов следующих компетенций в соответствии с ФГОС ВПО и ОПОП ВПО по данному направлению:

***универсальные компетенции*:**

- способность к критическому анализу и оценке современных научных достижений, генерированию новых идей при решении исследовательских и практических задач, в том числе в междисциплинарных областях (УК-1);
- способность планировать и решать задачи собственного профессионального и личностного развития (УК-5);

***– общепрофессиональные компетенции:***

- способность самостоятельно осуществлять научно-исследовательскую деятельность в соответствующей профессиональной области с использованием современных методов исследования и информационно-коммуникационных технологий (ОПК-1);

***– профессиональные компетенции*:**

– способность к самостоятельному проведению научно-исследовательской работы и получению научных результатов, удовлетворяющих установленным требованиям к содержанию диссертаций на соискание ученой степени кандидата наук по направленности (научной специальности) 10.01.02 – Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа) (ПК-1);

- способность оформлять и представлять научному сообществу результаты исследования (ПК-2);
- владение базовыми навыками сбора и анализа различных типов информации с использованием традиционных методов и современных информационных технологий (ПК-3).

В результате освоения дисциплины аспирант должен:

**Знать:**

- ➢ историю национальной литературы;
- ➢ основные предпосылки возникновения и развития литературы;
- ➢ этапы развития кабардино-черкесской литературы;

**Уметь**:

- ➢ анализировать творчество и отдельные произведения адыгских (кабардинских и черкесских авторов),

- выявлять особенности существующих литературных направлений, закономерности кабардино-черкесского литературного процесса;
- разбираться в современных дискуссионных проблемах, касающихся различных взглядов на ключевые произведения изучаемой дисциплины.

**Владеть:**

- хронологией жизни и творчества изучаемых авторов;
- информацией о рекомендованных произведениях,

## 4. Структура и содержание дисциплины

### 4.1. Структура дисциплины

| Вид работы | Количество часов |
|---|---|
| **Общая трудоемкость** | 108 |
| **Аудиторная работа:** | 50 |
| *Лекции (Л)* | 50 |
| *Практические занятия (ПЗ)* | |
| **Самостоятельная работа:** | 56 |
| Самостоятельное изучение разделов | 56 |
| **Вид итогового контроля (зачет)** | 2 |

### 4.2. Содержание дисциплины

РАЗДЕЛ 1

**IУЭРЫIУАТЭР ЗИЩIЫСЫР, АБЫ И МЫХЬЭНЭР, И ПЛЪЫФЭ НЭХЪЫЩХЬЭХЭР. IУЭРЫIУАТЭМ И КЪЭУНЭХУКIЭМРЭ ЗЕКIУЭКIЭ ХАБЗЭХЭМРЭ**

IуэрыIуатэкIэ зэджэр. Ар къызэрежьа щIыкIэр, зэрызиужьар. IуэрыIуатэм гъащIэм щигъэзащIэ къалэнхэр, и плъыфэ нэхъыщхьэхэр (бэм и Iэужьыныр, автор наIуэ имыIэныр, жьэрыIуатэу къэкIуэныр, вариантхэу зыщхьэщыкIыныр).

IуэрыIуатэм и къэунэхукIэмрэ зекIуэкIэ хабзэхэмрэ. Дауэдапщэр, мифыр, IуэрыIуатэр: жьэрыIуатэ творчествэм и пэублэ къалэнхэр зэрызэхэлъымрэ эстетикэ къалэным и зыужьыкIэмрэ. Мифологие дуней еплъыкIэр зи къежьапIэ жанрхэу дауэдапщэ гуэрхэм пыщIахэр, пымыщIахэр. Мифологие персонажхэмрэ абыхэм яхьэлIа сюжет щхьэхуэхэмрэ: дин пэжым ипэкIэ зэрахьэу щытам и хъыбархэмрэ ахэр зэхьэлIа персонажхэмрэ: уафэмрэ абы ису ялъытэу щытахэмрэ: Щыблэ, Псатхьэ, Тхьэшхуэ, н.къ.), щIылъэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэууэ, Iуэхугъуэ гуэрхэм я тепщэу ялъытэу щытахэр (мэзым, губгъуэм, къэкIыгъэхэм, псы ежэхым, хым, псэущхьэхэм яхьэлIа персонажхэмрэ абыхэм япыщIа сюжетхэмрэ). ФIэщхъуныгъэм зихъуэжурэ ахэр дин Iуэхум щымыщыж зэрыхъуар, я хъыбархэр, мотив щхьэхуэхэр, езы персонажхэр эстетикэ мыхьэнэм зэриубыдыжар.

**Адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, къытедзэным, джыным и тхыдэр**

Япэ адыгэ узэщIакIуэхэмрэ абыхэм IуэрыIуатэм пщIэуэ хуащIу щытамрэ: *Нэгумэ Шорэ, СулътIан Хъан-Джэрий, КIашэ Адыл-Джэрий, Берсей Умар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Лопатинский Лев, Тамбий Пагуэ, Къэшэж ТIалиб, Цагъуэ Нурий, Дым Iэдэм*

*сымэ, нэгъуэщIхэми* я лэжьыгъэхэр. IуэрыIуатэм и пкъыгъуэхэу гъэнэхуа хъуахэр, къыщытрадзэу щыта органхэр. Методикэр.

XX лIэщыгъуэм и япэ Iыхьэм адыгэ фольклористикэр зэрызэпэщамрэ абы и зыужьыкIэмрэ: *Цагъуэ Нурий, Цей Ибрэхьим, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Талпэ Михаил, КIэрашэ Тембот, Елбэрд Хьэсэн, Яковлев Николай сымэ, нэгъуэщIхэми* ялэжьахэр. «Кабардинский фольклор», «Нарт эпос» тхылъхэр. Методикэм щIэуэ къыхэхъуар, абы зэрызихъуэжар.

Хэку зауэшхуэ нэужь зэманым (1945–1960) адыгэ IуэрыIуатэм елэжьахэмрэ тхылъу къыдэкIахэмрэ: *Елбэрд Хьэсэн, Шортэн Аскэрбий, ХьэдэгъэлI Аскэр, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Турчанинов Георгий, КъардэнгъущI Зырамыку сымэ,* абыхэм я IуэхущIэгъухэм ялэжьахэр. *«Къэбэрдей уэрэдхэмрэ псалъэжьхэмрэ», «Нартхэр. Къэбэрдей эпос», «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Советскэ Къэбэрдейм и IуэрыIуатэхэр»*, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэ щыпкъэ зи лъабжьэ фольклористикэм адыгэ IуэрыIуатэм елэжьхэр зэрыхэгъуэзар. Япэ къэхутэныгъэхэр. 1960–1990 гъэхэм IуэрыIуатэ къэугъуеинымрэ тхылъу тедзэжынымрэ зэрызаужьар. Къэбэрдейм, Адыгейм, Шэрджэсым я фольклористхэмрэ тхылъу къыдагъэкIахэмрэ. *«Адыгэ IуэрыIуатэхэр» (томитI хъууэ), «Адыгэ псалъэжьхэр» (томитI хъууэ), «Нартхэр. Адыгэ эпос» (томибл хъууэ), «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» (том зыбжанэу). ХьэдэгъэлI А., Алий А., Аулъэ С., Мыжей М., Шортэн А., Хъут Ш., Нало З., Гъут I., КъардэнгъущI З., Къэрмокъуэ Хь., Къудей З.* сымэ, нэгъуэщIхэми я къэхутэныгъэхэр.

Иджырей зэманым адыгэ фольклористикэм и щытыкIэр. Текстологиер, къэхутэныгъэхэр, IуэрыIуатэм елэжьхэр.

### Адыгэ IуэрыIуатэм и жанрхэр

**Эпосыр**. Термингъэнахуэ: «эпос» е «лIыхъужь эпос» жыхуаIэм и лIэужьыгъуэхэр: *мифологие эпос, ижьырей лIыхъужь эпос «Нартхэр», тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпос, тхыдэ эпос, гурыщIэ эпос.*

**Нарт эпосыр.** Эпосым и плъыфэ нэхъыщхьэхэр: пкъыгъуэр – мифологие дуней лъагъукIэм къыщежьа мотивхэр, сюжетхэр и лъабжьэу зэрыщытыр икIи ахэр зэребэкIыр; и зэхэлъыкIэр – персонаж щхьэхуэхэм сюжет зыбжанэ ещIэкIауэ зэрыщытыр, я къэкIуэкIэ лIэужьыгъуэхэр (прозэ, усэ, макъамэ зыщIэт усэу гъэпса къэIуэтэныгъэ).

**Персонаж нэхъыщхьэхэмрэ абыхэм яхьэлIа циклхэмрэ.** *Пасэрей дыдэ персонажхэр:* Амыщ, Ахын, Лъэпщ, Тхьэгъэлэдж, Сэтэней, Уэзырмэс. Сюжетхэр, мотивхэр, мифологие эпосымрэ лIыхъужь эпосымрэ я зэхуакуу куэдрэ къызэрыкIуэхэр. Лъэпщ, Тхьэгъэлэдж сымэ я лэжьэкIамрэ я Iэужьхэмрэ къызыхэщыж сюжетхэр: «Тхьэгъэлэджрэ Лъэпщ и къуэ Дзэхущрэ», «Тхьэгъэлэдж и хьэм лъапэ», «Гъубжэ зэращIар», «Япэ Iэдэмрэ уадэмрэ я хъыбар», н.къ. Сэтэней и Iэзэгъуэхэр.

Нарт *Сосрыкъуэ.* Сюжет нэхъыщхьэу ехьэлIахэр лIэужьыгъуэкIэрэ зыщхьэщыгъэкIыныр: нэхъыжь дыдэхэр (телъыджагъэ хэлъу дунейм къытехьэныр, мафIэ къэгъуэтыныр, Iэмэпсымэ гуэр къежьэныр), лIыхъужьыгъэ мотивхэр зи лъабжьэхэр (бий гуэрым/гуэрхэм езэуэныр), гъащIэ къызэрыгуэкIым къыхэкIа хуэдэу гъэпса сюжетхэр, н.къ. ЛIыхъужьым и образыр; абы гурыхьрэ гурымыхьу хэлъхэр, гъащIэм зэрыпыщIа, зэрыхущыт щIыкIэр.

Нартхэу *Батрэз, Ашэмэз, Бэдынокъуэ, Щауей* сымэ, нэгъуэщIхэми яхьэлIа сюжетхэр. Абыхэм я къежьапIэ хъункIэ зыхуэбгъэфэщэнхэмрэ нарт эпосым и типологиемрэ. Хъыбар зырыз е закъуэтIакъуэ зыхухэха нарт лIыхъужьхэр, эпосым хэт бзылъхугъэ персонажхэр.

Поэтикэм щыщу: прозэмрэ поэзиемрэ я зэхущытыкIэр, эпос зэманымрэ эпос дунеймрэ я плъыфэхэр. Нарт эпосымрэ лъэпкъым и тхыдэмрэ; эпосымрэ иджырей адыгэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ.

**Тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосыр.** Ар эпос нэхъыжьым къызэрыщхьэщыкIыр: гъащIэм къыщыхъуа е къэхъункIэ хъун Iуэхугъуэ гуэрхэр сюжет купщIэ зэрыхуэхъур, мифологиер и Iуэху еплъыкIэ гъуазэу зэрыщымытыр, персонажхэм ящыщ куэдым тхыдэм къыхэщыж прототип яIэнкIэ зэрыхъур. Тематикэм, мотивхэм, гъэпсыкIэм пасэрей эпосым и лIэужъу хэлъымрэ къызэрыщхьэщыкIымрэ (поэзиемрэ прозэмрэ, уэрэдым и къэIукIэр, персонаж гъэпсыкIэр, уэрэдыр щIаусам и щхьэусыгъуэу къакIуэхэр).

Сюжетхэмрэ персонажхэмрэ: *Андемыркъан* и циклыр; *Борэжь, ЛIэжьрыкъуэпщ, Къулъкъужын зауэ, Къарэкъэщкъэтау зауэ, Щолэхъупщ, Хьэтхым и КъуэкIасэ сымэ ятеухуа* уэрэдхэмрэ абыхэм яхьэлIа хъыбархэмрэ; Кавказ зауэм и зэманым къежьахэр. ГурыщIэ мотивхэр япэ изыгъэща циклхэр: *Гуащэгъагъ, Гуащэмахуэ, Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт, Хъымсад сымэ я тхьэусыхэхэр.* ЛIыхъужь уэрэдым и къэIукIэ хабзэм тетурэ лирикэм зэрызиужьыр. Лиро-эпикэр: «Шэджэмокъуэ Хьэсанш», «Къущхьэ Жамбот», «ЛъхукъуэлIыфI и уэрэд», нэгъуэщIхэри.

**Адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, къытедзэным, джыным и тхыдэр. Таурыхъхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ.** Таурыхъ лIэужьыгъуэу щыIэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ. Таурыхъ жанр пкъыгъуэхэр: *лIыхъужь таурыхъ, телъыджэ таурыхъ, псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъ, къызэрыгуэкI таурыхъ. Адыгэхэм я деж нэхъ щызекIуэ таурыхъхэр, абыхэм яхэт персонажхэр. Персонаж лIэужьыгъуэхэр. Таурыхъым и зэхэлъыкIэмрэ и бзэмрэ.*

Хъыбарыжьхэр лIэужьыгъуэкIэ зэрызэщхьэщыкIыр: *тхыдэ къэхъугъэм теухуа, лIыхъужьыгъэм теухуа, дерс къызыхэкI хъыбарыжь, гъащIэм и къэхъугъэ гурхэм ятеухуа хъыбарыжь,* н.къ. Щапхъэ: Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр.

**Лирикэ.** *Лирикэм* и псалъэгъэнахуэ. ЦIыхубэ лирикэм и къежьапIэхэр, лIэужьыгъуэхэр, плъыфэхэр; куэдым яIэ хъуэпсапIэхэр, гуныкъуэгъуэхэр бэм я цIэкIэ, е щхьэ закъуэм и цIэкIэ къыщыIуэтэжа уэрэдхэр (дауэдапщэ уэрэдхэр, абыхэм ящыщу щIэпщакIуэм, щIалэгъуалэ джэгухэм ехьэлIахэр: *«Япцгурэ ХьэтIохъущокъуэжьыр...»*, щIалэмрэ пщащэмрэ зэрызэпеуэ уэрэдыр *(«Сыт пщIэжыфын?»*), *«Нартыгу», «Кулэ и уэрэдыр», «Жаниболэт и тхьэусыхэр», «Гуащэмахуэ», «Гуащэгъагъ», «Iэдииху», «Губгъуэм ис тхьэрыкъуэ»,* н.къ.*).* Щхьэ закъуэм и гурыгъу-гурыщIэхэр куэдым яфIэIуэху щIэхъум и щхьэусыгъуэмрэ лирикэр цIыху дэтхэнэми и гугъэпсэху зэрыхъумрэ. Гуузу дунейм ехыжахэм (абрэджхэм яIэщIэкIуэдам, бзаджащIэм къиукIам, насыпыншагъэ къэхъугъэ гуэрым текIуэдам, щIалэу узым е фэбжьейм ихьам) хуауса уэрэдхэр: «*Лу ГъущIыпсэ», «ПщыукI зэшищ», «Къашыргъэ Алихъан»,* н.

*Иджырей зэманым нэхъ пэгъунэгъу цIыхубэ лирикэр, лъагъуныгъэ цIыхубэ уэрэдхэр: «Щауей Нэкурэ и уэрэд», «Назирэт», «Мурат», «Рэмэзан», «Iуащхьэмахуэ зи лъагагъ…», «Абрэдж Нухь», н.къ.*

ЩIагъыбзэ зыщIэлъ уэрэдхэр: тематикэр, персонажхэр, щIагъыбзэу ящIэлъыр къызэрыбгурыIуэнур: *«Хьэжьымрэ кхъуэжьымрэ», «Мащэм ихуа дыгъужь», «Пхъэм и тхьэусыхэ», «Дзыгъуэжьиц», «Шынджий быгъу», «Выжь бэджэндым и тхьэусыхэ», н.къ.* ГушыIэ уэрэдхэр, къебжэкIхэр: *«Къуажэхэм я къебжэкI», «Инарыкъуей мафIэс», «Уэдобнэ джабэ», «ХьэпцIэ Алий», «Жаныкъуейм я уэрэд», «Ашэбейхэр башыпэкIэ мавэ...»,* н.къ. Нэм къыщIэуэ щIагъыбзэм къыщежьэу цIыхубэ лирикэр эстетикэ куум зэрыхуэкIуэр.

Тхыдэр зи лъабжьэ эпос: сюжетхэр, лIыхъужьхэр, гъэпсыкIэр.

**ЦIыхубэ афористикэ: лIэужьыгъуэу щыIэхэр, я мыхьэнэр, щапхъэхэр.** <u>*Адыгэ хъуэхъухэр*</u>*:* къыщагъэсэбэп къэхъугъэхэр – дауэдапщэхэм хэту, Iуэху гуэр щаублэм деж, щаухам деж, цIыхухэр щызэIущIам деж, щызэбгъэдэкIыжым деж. Хъуэхъу теIуахэр (мажусий тхьэхэм хуэгъэза хъуэхъухэр (Щыблэ, Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Мэзытхьэ, ЗекIуэтхьэ); хъуэхъу темыIуахэр (джэгузэхэшэ, фIыщIэ хъуэхъухэр, махуэшхуэ хъуэхъухэр, щIыуэпсым и къэхъукъащIэхэм хуэгъэпса хъуэхъухэр).

<u>*Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ:*</u> я тематикэр, мыхьэнэр, зэхэлъыкIэр, тхыдэмрэ нобэрей щытыкIэмрэ; эстетикэм дежкIэ мыхьэнэуэ яIэр; литературэмрэ иджырей гъащIэмрэ къызэрыщыщхьэпэр. Щапхъэхэр. Тхарэ къытедзэжауэ щыIэхэр.

*Къуажэхьхэр:* мыхьэнэр, тематикэр, зэхэлъыкIэмрэ къуажэхь зэрыджэгуу щытамрэ. ГъэсэныгъэмкIэ мыхьэнэуэ яIэр. Щапхъэхэр. Тхарэ къытедзэжауэ щыIэхэр.

*Псалъафэхэр:* бзэм дежкIэ мыхьэнэуэ яIэр, псалъэм къызэрыдэкIуэж хабзэхэр, ди зэманым щагъуэт щытыкIэмрэ иджырей адыгэ жьабзэм щаIыгъ увыпIэмрэ. Щапхъэхэр.

*ПсынщIэрыпсалъэхэр:* анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ хъунымкIэ мыхьэнэуэ яIэр, нобэми къызэрагъэсэбэпымрэ къыщыбгъэсэбэп хъунухэмрэ.

*НэгъуэщI формулэхэр:* фIы теIуэхэр, зэрыхуэгуфIэ е зэрыхуэгузавэ формулэхэр, гыбзэхэр, жьабзэ псалъэхэр зэпызыщIэ жыIэгъуэ зэгъэкIуахэр.

**ЦIыхубэ драмэр: абы и нэщэнэхэмрэ адыгэ хабзэм къызэрыхэщымрэ.** ЦIыхубэ гъуазджэм драмэм щиубыд Iыхьэр: дэтхэнэ дауэдапщэри драмэм и хабзэкIэ гъэпсауэ зэрыщытыр. Нэхъ къыхэгъэнэхукIауэ драмэм и теплъэр къыщыкIуэхэр: унэишэм, щауэишыжым, щIэпщакIуэм, вакIуэдэкIымрэ вакIуэихьэжымрэ яхьэлIа дауэдапщэхэр. Ажэгъафэм, хьэтиякIуэм ягъэзащIэ къалэным драматургием и хабзэу хэлъыр.

**Сабий IуэрыIуатэр.** Сабий IуэрыIуатэ. Жанрыр къыхэгъэбелджылыкIынымкIэ щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр. Балигъхэм сабийхэм хухаха, хузахэлъхьа IуэрыIуатэр. Сабийхэм езыхэм зэхалъхьа, къагъэщIа, къагупсыса IуэрыIуатэр. Балигъхэм я репертуарым къыхэкIыу сабий IуэрыIуатэм щыщ хъуа текстхэр.

## РАЗДЕЛ 2
## АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭ / АДЫГСКАЯ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКАЯ) ЛИТЕРАТУРА

### Адыгэ литературэр XIX лIэщIыгъуэм – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм / Адыгская литература XIX – начала XX века

### Тхыбзэпэ лъэпкъ литературэ

*Хэзыгъэгъуазэ.* Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуа тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и псыпэр ежьэным IуэрыIуатэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар, а Iуэхум урыс классикэ литературэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я художественнэ щэнхабзэ къулеймрэ зэрыхэлIыфIыхьар.

IуэрыIуатэмрэ автор зиIэ усыгъэмрэ. Адыгэ усакIуэ-джэгуакIуэхэм я усыгъэхэр IуэрыIуатэ усыгъэм къыхэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр. Литературэр къежьэнымкIэ, зиузэщIынымкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр.

Автор (жьабзэ) усыгъэр тхыбзэ литературэм зэрыхуэкIуар. Лъэпкъ тхыбзэм и тхыдэр: япэ алыфбейхэмрэ ахэр зэхэзылъхьахэмрэ. Щхьэзакъуэ алфбейхэмкIэ (Нэгумэ Ш., Берсей У., ХьэтIохъущокъуэ Къ., Тамбий П., Цагъуэ Н., Дым I., ПащIэ Б., нэгъуэщIхэри) тхауэ къэна (художественнэ) тхыгъэхэр, ахэр иджырей лъэпкъ алфбеймкIэ тхыжыным (транслитерацэ) елэжьахэр, абы и мыхьэнэр.

Адыгэ литературэр къэунэхунымрэ зэтеувэнымрэ, IуэрыIуатэм къыдэкIуэу, хэкIыпIэ хуэхъуа щэнхабзэ унэтIыныгъэхэр. Япэ адыгэ узэщIакIуэхэр: лъэпкъыр щIэныгъэм и гъуэгум тешэным, тхыбзэрэ литературэрэ къахузэгъэпэщыным ехьэлIауэ абыхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэр.

* * *

*усакIуэ-джэгуакIуэхэр*

Таукъуэ Лъэпщыкъу, Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Мэсей Исуп, Мыжей Сэхьид, Сыжажэ Къылъшыкъуэ.

*УсакIуэхэр*

Уэкъуо, Выкхъэ Шухьиб, ПащIэ Бэчмырзэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан.

## Тхыбзэ литературэм и къежьапIэм

*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэпкъ тхыбзэ литературэм и щIэдзапIэр. Адыгэ узэщIыныгъэ лэжьыгъэр: абы и лъэхъэнэхэмрэ узэщIакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэмрэ. Адыгэбзэм хузэхалъхьа япэ алыфбейхэр, абыхэмкIэ тхауэ къэна тхыгъэхэр. Адыгэ узэщIакIуэхэр зыхущIэкъуар, абыхэм я лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр. Адыгэ узэщIакIуэхэм я мурадхэр къащIемыхъулIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ узэщIакIуэхэм я IуэхущIафэхэм теухуауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ ахэр зи IэдакъэщIэкIхэжмрэ. Ипэрей адыгэ литературэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэхэмрэ.

* * *

*АдыгэбзэкIэ тхэуэ щыта лъэпкъ узэщIакIуэхэр*

Нэгумэ Шорэ, Берсей Умар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ, Куп Исмэхьил-хьэжы, ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан.

* * *

*УрысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэхэр*

Къаз-Джэрий СулътIан, Хъан-Джэрий СулътIан, КIашэ Адэлджэрий, Ахъмэтыкъуэ Къазбэч (Хьэжылъашэ Мухьэмэд-Бэч).

## Иджырей адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и япэ лъэбакъуэхэр

*Хэзыгъэгъуазэ.* XX лIэщIыгъэуэм и япэ илъэсипщIитIым Урысей империемрэ Къэбэрдеймрэ къыщыхъуа тхыдэ, цIыхубэ-политикэ зэхъуэкIыныгъэхэр. цIыхухэр егъэджэным, пэщIэдзэ еджапIэхэр къызэIухыным теухуауэ лъахэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэр. Капитализмэм и хабзэхэр, абы къигъэщI зэхущытыкIэщIэхэр адыгэхэм я дежи къызэрысар: Урыс-япон зауэр, Япэ дунейпсо зауэр, Дзэлыкъуэ зыкъыIэтыныгъэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэр (псалъэм папщIэ, ПащIэ Бэчмырзэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан, ЩоджнцIыкIу Алий, Къылышбий Исмэхьил, Фэнзий Мэжид, нэгъуэщIхэри) а тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм зэрахущытар.

Хэхэс адыгэхэм я макъ («Гъуазэ» газетымкIэ) хэкурыс адыгэхэм я деж къэIус зэрыхъуар. Я лъэпкъэгъухэр щIэныгъэм и гъуэгум трашэн мурадкIэ Тыркум щыIэ адыгэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Хэкужьым къагъэкIуэжу зэрыхуежьар (Цагъуэ Н., НэгъущI С., нэгъуэщIхэри). Бытырбыху, Москва, Киев, Истамбыл, Каир, Краков, нэгъуэщI къалэшхуэхэм щеджауэ къэзыгъэзэжа адыгэ интеллигенцэр. Лъэпкъыр зэрыкIуэну гъуэгур къыхэхыным ехьэлIауэ абыхэм яIа Iуэху еплъыкIэхэр, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.

* * *

*Бахъсэн узэщIакIуэхэр*

Лъэпкъ щIэныгъэм и къежьапIэ, и купсэ Бахъсэн зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэхэр. «Цагъуэ Нурий и университетыр», лъэпкъ еджакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.

«Адыгэ макъ» газетыр адыгэбзэкIэ къыдэкIыу зэрыщIидзар. Литературэмрэ тхылъеджэмрэ зэлъэIэсу, зэрыубыду зэрыхуежьар, лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр. Газетымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ, абы япэу къытрадза хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ: «Пщы Бадынокъуэ» (1917, №4), «Нарт Сосрыкъуэ и пшыналъэ» (1918, №2), «Наринэрэ Ридадэрэ» (1918, №2), «Псалъэжьхэр» (1918, №39), нэгъуэщIхэри.

Адыгэхэм я зэхэщIыкIым зиужьыным «Гъуазэ» (Истамбыл), «Адыгэ макъ» (Бахъсэн) газетхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр. Бахъсэн щIэныгъэ купсэм (центрым) и къызэгъэпэщакIуэхэр.

Дым Iэдэмрэ Цагъуэ Нурийрэ я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ.

**XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэхэр**

*Хэзыгъэгъуазэ.* XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм лъэпкъ щэнхабзэр щытыкIэ гугъум зэритар. Апхуэдэу щытми, адыгэхэм я зэхэщIыкIым зэрыхэхъуар, щIэблэр егъэджэным и Iуэхур мащIэкIэми зэрыкIуэтар. А лъэхъэнэм адыгэбзэкIэ ятхауэ къэна художественнэ тхыгъэхэр, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэр. Тхыгъэхэр зытеухуар, я художественнэ гъэпсыкIэр.

Гуанэ Зулкъарней и «Хъуэхъу» усэр; КIурашын Мухьэмэд и «Ущие усэ», «Уэ си къуэшу муслъымэнхэ» усэхэр.

ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Къылышбий Исмэхьил, ЩоджэнцIыкIу Алий.

## РАЗДЕЛ 3
## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм и 20–50 гъэхэм
## (Кабардино-черкесская литература 20–50 гг. XX века)

**Адыгэ литературэр XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм**

*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр. Литературэм екьэлIауэ къыдэкIа къэрал унафэхэр («Художественнэ литературэм теухуауэ партым и политикэм и IуэхукIэ» РКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1925), нэгъуэщIхэри). Лъэпкъым и блэкIамрэ революцэм иужькIэ къэунэхуа псэукIэмрэ зэгъэпщэныр. Октябрь революцэмрэ Граждан зауэмрэ теухуа IуэрыIуатэр.

20 гъэхэм къэралым щыIа литературэ гупхэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэхэмрэ яжь адыгэ тхакIуэхэм къазэрыщIихуар. Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIа гупсысэщIэхэр, зэныкъуэкъухэр (Нало Ж., Борыкъуей ТI., н.). Адыгэм къыдекIуэкI хабзэнэмысыр, цIыхубэ зэхэтыкIэр «псэукIэщIэм» къигъэщIахэм егъэзэгъыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIар. Адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэр: ПащIэ Б., ШэкIыхьэщIэ П., ХьэхъупащIэ А., ЩэрэлIокъуэ Т., КIэрашэ Т., Абыкъу Хъ., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., Амирокъуэ И., Хьэбэчыр Б., нэгъуэщIхэри. Абыхэм я творчествэм и художественнэ къыщхьэщыкIыныгъэр, ар иджыри быдэу IуэрыIуатэм зэрыпыщIар.

Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ. Адыгэхэм я псэукIэм, я бзэмрэ литературэмрэ теухуауэ Цагъуэ Н., Елбэд Хь., ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., ЩакIуэ Т., Пщынокъуэ А., Къэшэж ТI., Къуэжей С., Къущхьэ И. сымэ «Красная Кабарда», «Къэрэхьэлъкъ», «Ленин гъуэгу» газетхэм къытрагъэдза тхыгъэхэр, абыхэм ягъэзэщIа къалэныр.

**ТхыбзэщIэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщIэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр**

*УсакIуэхэр.* ШэджыхьэщIэ П., Борыкъуей ТI., КIыщокъуэ П., Пщынокъуэ А., ЩакIуэ Т., ЩэрэлIокъуэ Т., Пщынокъуэ М., ХьэхъупащIэ А., Къэжэр И., Тобыл Т. сымэ я усэхэм, уэрэдхэм я тематикэр, усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр, лъэхъэнэм и лIыхъужьхэр зэрагъэлъапIэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ псэукIэщIэмрэ зэгъэпщэныр, зэманым емызэгъыжу къалъытэ хабзэ-зэхэтыкIэхэм ебэныныр я творчествэм мотив нэхъыщхьэ зэрыщыхъур. Адыгэ усэ гъэпсыкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр.

* * *

ПащIэ Бэчмырзэрэ ХьэхъупащIэ Амырхъанрэ я гъащIэмрэ я творчествэмрэ.

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр 30 гъэхэм

*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэхъэнэм и цIыхубэ-политикэ щытыкIэр. Къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ инхэм литературэр къыхэша зэрыхъуар. «Литературэ-художественнэ организацэхэр зэхъуэкIыным и IуэхукIэ» ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1932). Литературэ-критикэ къарухэр зэщIэгъэуIуэным, зэкъуэгъэувэным ехьэлIауэ къэралым щекIуэкIа лэжьыгъэхэр. Совет тхакIуэхэм я япэ съездыр (1934): литературэм къыдекIуэкI хабзэхэмрэ зэманым къигъэщIа Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ теухуа зэныкъуэкъухэр; литературэм зиужьыным зэран хуэхъуа Iуэхугъуэхэр; социалист реализмэм и хабзэхэр убзыхуныр; лъэпкъ литературэхэр унэтIыныр.

30 гъэхэм я пэщIэдзэхэм щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным, тхыбзэщIэм техьа лъэпкъхэм я литературэхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм пыщIауэ щыта гугъуехьхэр.

Политикэ залымыгъэхэр, абыхэм лажьэншэу хэкIуэда адыгэ тхакIуэхэр.

А лъэхъэнэм къыдэкIыу щыта газетхэр, литературэ альманаххэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, литературэр джыным, егъэфIэкIуэным елэжьа еджагъэшхуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр (Турчанинов Г., Яковлев Н., Джанашиа С., Чигеров В., Нало Ж., Елбэд Хь., Борыкъуей ТI., ЩоджэнцIыкIу А., Абыкъу Хъ., Къуэжей С., ДыщэкI М., Махъсидэ З., Хъуран Б., Теунэ Хь., н.).

* * *

**Лъэпкъ прозэр.** Адыгэхэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Зэманым и лIыхъужьыщIэхэр. Лъэпкъ прозэм и жанрхэр, лIэужьыгъуэхэр. ЦIыхубэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ гулъытэ лей адыгэ тхакIуэхэм хуащI зэрыхъуар. Тхыдэ-революцэ тематикэр лъабжьэ зыхуэхъуа япэ прозэ тхыгъэхэр *(Абыкъу Хъ. «Инжыдж и Iуфэхэм»; ДыщэкI М. «Пшэплъ»; КIэрашэ Т. «Щамбул» («Гъуэгу насыпыфIэ»), Нало Ж. «ЩIэдзапIэ», ЩоджэнцIыкIу А. «Кхъужьей щIагъым», Махъсидэ З. «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым», н.).* Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр. Идеологие пыухыкIам хуэлэжьами, абыхэм лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм (20–30 гъэхэм) адыгэм и псэукIар, и дуней еплъыкIэр, зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, зэманым и плъыфэр, и лъапIэныгъэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэпкъ прозэм и япэ художественнэ тхыгъэхэм къахэхыпхъэ дерсхэр.

Абыкъу Хъалид, ДыщэкI Мухьэмэд, Къуэжей Сосрыкъуэ, Теунэ Хь. сымэ я гъащIэмрэ я творчествэмрэ.

* * *

**Адыгэ лъэпкъ усыгъэр.** Лъэпкъ усыгъэм 30 гъэхэм нэхъыбэу къиIэту щыта темэхэр. Адыгэ лирикэм и япэ лъэбакъуэхэр, абы и зыужьыныгъэр зи фIыщIэ усакIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., ЩакIуэ Т., КIыщокъуэ А., Хьэбэчыр Б., Уэхъутэ А., Темыр С., Гъуэщокъуэ Хъу., Пщынокъуэ А., н.). Зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэр цIыхубэм къагурыгъэIуэн къалэныр усыгъэм игъэзащIэу зэрыщытар, абы и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Iуэхугъуэ гуэрым къыхуеджэным ехьэлIа (лозунг) поэзием и лIыкIуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы **Борыкъуей** ТIутIэ и усэхэр («Сыхьэт махуэ дэ дежьащ», «Пионер уэрэд», «КИМ», «Октябрым и 25-р», н.). Гъуазджэ хабзэхэмкIэ абыхэм фIагъ ин ямыIэми, лъэхъэнэм и нэщэнэхэр къызытещ, адыгэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэр дэзыгъэлъэгъуж тхыдэ фэеплъу ахэр зэрыщытыр.

30 гъхэм адыгэ усыгъэм и жанрхэми лIэужьыгъуэхэми зэрызаужьар. Поэмэ жанрым и ехъулIэныгъэхэр. Лъэпкъ усакIуэ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри я къарум абы зэрыщеплъыжар. Жанрым и зыужьыныгъэм хэлъа ныкъусаныгъэхэр.

ЦIыхубэ уэрэдхэмрэ автор зиIэ уэрэдхэмрэ (ЩоджэнцIыкIу А., Къэжэр И., н.).

* * *

**Драматургиемрэ лъэхъэнэмрэ.** Зэманым къигъэщIа, абы и напкъыжьэ зытелъ драматургие лэжьыгъэхэр (**Нало** Жансэхъу. «Къэхъун»; **Тобыл** Талъустэн. «Зули», «Зэрылэ»; **Тубай** Мухьэмэд. «Мэжидрэ Марятрэ»; **Шортэн** Аскэрбий. «Батыр и къуажэ» («Мурат»). Абыхэм я сюжетхэр, художественнэ конфликтхэр, ягъэзащIэ къалэнхэр. Жанрым и зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр. АдыгэбзэкIэ зэрадзэкIыурэ ягъэува спектаклхэр, абыхэм я мыхьэнэр.

**ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан** и «КIуэрыгъуэт» трагедиер. Пьесэм и сюжетым IуэрыIуатэ лъабжьэ зэриIэр. ФIыуэ зэрылъагъу ныбжьыщIэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр, абы цIыхубэр къыхэша зэрыхъур. ГъэпщылIыныгъэр щытепщэ жылагъуэм цIыху къызэрыгуэкIым ифI зыхэлъхэр щыпхыкIынкIэ Iэмал зэрыщымыIар тхакIуэм къызэригъэлъэгъуэжыр. Пьесэм и сюжетри, щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ» романым, Тубай М. и «Мэжидрэ Мэрятрэ» драмэм зэрещхьыр, ар къызыхэкIа щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр.

«КIуэрыгъуэтыр» адыгэбзэкIэ тха пьесэу япэу спектакль къытращIыкIауэ зэрыщытыр, лъэпкъ драматургием и гъуэгугъэлъагъуэ ар зэрыхъугъар.

**КъардэнгъущI Зырамыку** и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэр. Пьесэр тхакIуэм щитха лъэхъэнэр, абы къытращIыкIа спектаклыр лъэпкъ театрым и нэхъыфIхэм ящыщ зы зэрыхъугъар. ЦIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэм – щхьэхуитыныгъэм – папщIэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм драмэм щиубыд увыпIэр. Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ я образхэр. ФIылъагъуныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ тхакIуэм зэрызэригъапщэ художественнэ Iэмалхэр. ЦIыхур зыIэт, псэр зыщIэхъуэпс тыгъуэ лъапIэу (образ щхьэхуэу) ар пьесэм къызэрыщыкIуэр.

Пьесэм лъэпкъ драматургием щиубыд увыпIэр.

## Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм

Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу А., Къэжэр И., КIыщокъуэ А., Хьэнфэн А., Шортэн А., Ахъмэт М., Гъуэщокъуэ Хъу., ХъытIу С., КIуащ Б., Мысрокъуэ С., Къущхьэ Б., ЩоджэнцIыкIу I., ЩоджэнцIыкIу Н., Нало А., Къардэн Б., Къуэныкъей М., Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къызыфIаща Андырхъуей Хъу., ХьэдэгъэлI А., Еутых А., Щхьэплъакъуэ Хь., нэгъуэщIхэри). Абыхэм я лIыгъэр цIыхубэм щапхъэ зэрахуэхъуар.

Литературэм и жанрхэм ящыщу зауэ лъэхъэнэм зыужьыныгъэ нэхъыбэ зыгъуэтахэр: цIыхубэр зэщIэзыгъэуIуэ, текIуэныгъэм къыхуезыджэ (агитацэ) поэзиер, одэмрэ ауан-щIэнэкIалъэмрэ, очеркхэр; зауэм теухуа япэ прозэ тхыгъэхэр. Публицистикэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ. А илъэсхэм къыдэкIа тхылъхэр, сборникхэр («Псоми Iэщэ къафщтэ», «Родинэм и хьэтыркIэ», «Зауэм и фронтхэм», «ТАСС-м и щхьэгъубжэ», «Ауаным бийр еукI», н.), газетхэр, бюллетенхэр. Хэку зауэшхуэр цIыхубэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжыр.

ТекIуэныгъэм укъыхуезыджэ усэхэр.

**ЩоджэнцIыкIу А.** «Шагъдий гъэшхахэм техутэ», «Псоми Iэщэм зефт», «Дэ дытекIуэнщ» усэхэр, «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэр, нэгъуэщIхэри. Псалъэм и къарукIэ усакIуэм Хэкум и хъумакIуэхэм ярит чэнджэщхэр. «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэм лъэхъэнитI зэрызэпищIэр. БлэкIа лъэхъэнэхэр и щапхъэу Хэкур, лъахэр зыубыдыну хущIэкъу нэмыцэхэми я Iуэху фIейхэр къазэремыхъулIэнур усакIэм быдэу и фIэщ зэрыхъур.

ЩоджэнцIыкIум и зауэ (военнэ) поэзиер образ купщIафIэхэмкIэ зэщIэмыуззэдами, къыхуеджэныгъэ пафосыр ебэкIми, ар гукъабзэм, псэ хьэлэлым къигъэщIу зэрыщытыр.

**КIыщокъуэ А.** УсакIуэм и зауэ гъуэгуанэр, фронтым здыIутым ар зыдэлэжьа газетхэмрэ журналхэмрэ. «Бгы лъапэхэм деж» усэ сборникыр, «Усэ къарукIэ бийр

бгъэсу…», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу», «Шыхулъагъуэ», усакIуэм и публицистикэ тхыгъэхэр. 40 гъэхэм и пэщIэдзэхэм КIыщокъуэр лIыпIэ иува усакIуэу зэрыщытар, а лъэхъэнэм абы итхахэм философие гупсысэ куу зэращIэлъыр.

КIыщокъуэ А. и зауэ (военнэ) лирикэр щызэпкърыха литературэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр (Сокъур М. «КIыщокъуэ Алим и лирикэр»; Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр, Налшык, 1965; Адыгэ литературэм и тхыдэ. Налшык, 2010, нэгъуэщIхэри).

**Бекъул Б.** «Дэ дытекIуэнщ» усэ сборникыр.

**ХьэхъупащIэ А.** «Къэбэрдей партизанхэр» поэмэр, «Хэку зауэшхуэ» усэр, н.

**Гъуэщокъуэ Хъу.** «ЛIыгъэр ажалым текIуащ» поэмэр, усэхэр.

**Уэхъутэ А., Хьэнфэн А.** сымэ я усэхэр.

Лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным, цIыхубэр текIуэныгъэм къыхузэщIэгъэуIуэным къыхуезыджэ **драматургие** лэжьыгъэхэр: **Шортэн А.** «Луизэ», «Танкистщ» пьесэхэр; **Акъсырэ З.** «Гъавэм папщIэ», «Дахэнагъуэ», «Дыгъэр къыщыщIэкIым»; **Къэбэрдокъуэ А.** «Асхьэд и щхьэ»; **Теунэ Хь.** «ЗэхэгъэкIыныгъэ»; **Тубай М.** «Къэбэрдей щIалэ», **Елмэс Хь.** усэу тха и «Жамбот» пьесэр, н.

**Прозэм** и жанр цIыкIухэм (рассказ, очерк) къыщаIэт темэхэр, ахэр зэрызэфIах художественнэ Iэмалхэр. **Шортэн А.** и рассказхэмрэ очеркхэмрэ («Офицерым и гъуэгуанэ тхылъым щыщ», «Псэемыблэжхэм я нып», «Атакэ нэужьым»; **Къаширгъэ Хь.** «Зы жэщ» и рассказыр, н.

Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэм лъэпкъ литературэр къызэрызэтемыувыIар, лъагапIэщIэхэм я щIэдзапIэ ар зэрыхъуар.

**Адыгэ литературэр 1945–1950 гъэхэм**

*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр. Зауэм зэхикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным хуэунэтIауэ ди цIыхухэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэр; гъуазджэм и IэнатIэм и лэжьакIуэхэр а Iуэхум зэрыхэтар. Зауэ нэужь лъэхъэнэм цIыхухэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. Зауэм цIыхухэм я гъащIэм къытрина фэбжьхэр литературэ тхыгъэхэм къызэрыхэщыжыр.

Совет Союзым и тхакIуэхэм я етIуанэ съездыр, литературэм и къалэнхэмрэ мурадхэмрэ зэгъэхъулIэным теухуауэ абы иубзыхуа гъуэгур: лъэпкъ литературэхэм дежкIэ абы фIырэ щыщIэныгъэу къишар.

Къэрал политикэ, идеологие ткIийр 50 гъэхэм и пэщIэдзэхэм нэхъ къэщабэу зэрыхуежьар. «IувыкIыжыгъуэкIэ» (оттепель») зэджэ лъэхъэнэр (1953–1964). Терминыр къызэрежьар, гъуазджэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм тещIыхьауэ а пIалъэ кIэщIыр Iыхьэ щхьэхуэурэ бгуэшыж зэрыхъур. ЛъэхъэнэщIэм къыдежьа литературэ унэтIыныгъэщIэхэр. Абыхэм яжь лъэпкъ литературэхэм зэращIихуар: «мардэ» къупхъэм ибэкъукIыу, пэж никъуэжыIэм къыпыкIыу зэрыхуежьар, абы и щапхъэхэр.

Зауэм ипсыхьауэ, я дуней еплъыкIэри, Iэзагъри иузэщIауэ къыхэкIыжу лъэпкъ литературэм къыхыхьэжа тхакIуэхэр (КIыщокъуэ А., Шортэн А., КъардэнгъущI З., Тубай М., Нало А., Къардэн Б., Хьэнфэн А., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцIыкIу I., ХьытIу С., Ахъмэт М., н.). Зауэ IэнатIэм пэрыт цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм теухуа тхыгъэхэр дунейм къытехьэным, я творчествэм зиужьыным лъэхъэнэщIэм ифI зэрекIар.

«Къэбэрдей» альманахыр, адыгэ литературэм зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр.

* * *

**Лъэпкъ прозэр.** Хэку зауэшхуэмрэ абы и Iэужьхэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Лъэхъэнэм къыдэунэхуа литературэ унэтIыныгъэхэр: «къуажэ» прозэр, «тхыдэ» прозэр, «къалэ е интеллектуальнэ» прозэкIэ зэджэр. Автор уэрэдхэмрэ цIыхубэ уэрэдхэмрэ, абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр. Документальнэ тхыгъэхэм «зауэ прозэм» щаубыд увыпIэ хэхар. ЛъэхъэнэщIэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ.

**Шортэн Аскэрбий.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Зауэм и хьэлъэхэр зытещIэ зауэлI къызэрыгуэкIхэм я дунейр, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я гъащIэм пIалъэ кIэщIкIэ къыхэхуэ гуфIэгъуэхэм теухуа рассказхэр («Атакэ нэужьым», «Балъкъ деж», «ЛIыгъэм и вагъуэ», «Псэемыблэжхэм я нып», «Iэщыхъуэм къиIуэтэжа», н.).

Шортэн А. и щIэныгъэ-документальнэ лэжьыгъэхэр: «КIыщокъуэ Алим» (1947), «Къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий» (1950), «Мыпсэхыж шу» (1950), «Пшынауэ» (1952), «Нэгумэ Шорэ» (1952), «Къэзанокъуэ Жэбагъы» (1955), нэгъуэщIхэри.

Шортэн А. и драмэ лэжьыгъэхэр («Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ», «Мурат», «Зы унагъуэ гуэрым», «ИгъащIэкIэ», «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ»). Лъэпкъ драматургием абыхэм щаубыд увыпIэр.

Лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм теухуа япэ тхыдэ романыр – **«Бгырысхэр»** (1954). Адыгэ литературэм Шортэн А. и роман-тетралогием щиубыд увыпIэр. БлэкIа лIэщIыгъуэхэм лъэпкъым и псэукIар, и жылагъуэ ухуэкIэ-зэхэтыкIэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Кавказ Ищхъэрэр зэIэрагъэхьэн щхьэкIэ къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмкIэ щыIэ къэралыгъуэшхуэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр романым къызэрыхэщыжыр. Адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр: Нэгумэ Шорэрэ Солнцев Степанрэ я образхэр; тхыдэм зи цIэр къыхэна цIыхухэм я образхэр. Романым хэт гурыхь персонажхэр (Бот, Бэтокъуэ, Дэбэч, Зулий, Чылар, н.), адыгэхэр блэкIа лъэхъэнэ жыжьэхэм зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэу щыIахэр а образхэмкIэ къэгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар. Романым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ЩоджэнцIыкIу I. и дуней еплъыкIэр зауэм зэрипсыхьар, гъащIэм нэхъ кууэ егупсыс зэрищIар. Ахэр зыхэплъагъуэ и тхыгъэхэр. ТхакIуэ-пацифистым и лирикэ повестхэр. Лирикэ лIыхъужьымрэ цIыхубэмрэ, лIыхъужьымрэ къэралымрэ. Зауэ нэужьым лъэхъэнэщIэ хыхьэ лъэпкъ литературэм и гъатхэпежьэ «Софят и гъатхэ» (1955) повестыр зэрыхъуар. Повестыр зытеухуамрэ щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм хэт гурыхь образхэр, абыхэм ядэплъагъу хьэл-щэнхэмрэ къапкърыкI гъэсэныгъэ къарумрэ. Повестым и гъэпсыкIэр, и бзэр.

**Къашыргъэ ХьэпащIэ.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым и лъэпкъэгъухэр зыхэта гугъуехьхэм теухуа прозэ тхыгъэхэр («Зы жэщ», «Зауэм и губгъуэхэм», «ТIасхъэщIэх», «ГуфIапщIэ», н.).

Зауэм зэхикъута къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэфIэгъэувэжыным, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыжыным хуэунэтIауэ ди щIыпIэм щекIуэкIа лэжьыгъэшхуэр, зауэлI фащэр щызыхыжу мамыр IэнатIэ пэрыувэжа цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр «Насыпым и хэкIыпIэ» (1957) романым къызэрыхэщыжыр.

Зауэ нэужь лъэхэнэм адыгэ къуажэм и щытыкIар, абы мыхъумыщIагъэ дэлъахэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Сыт хуэдэ гугъуехьми цIыху гуащIафIэхэм я зэхэщIыкIымрэ лэжьыгъэ хьэлэлымрэ зэрытекIуэр романым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**Уэхъутэ Абдулыхь.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Адыгэм и хьэл-щэныр, ар зыхэпсэукI дунейр, лъэхъэнэм и нэщэнэхэр Уэхъутэ Абдулыхь и рассказхэм («Шу щыпкъэ», «ЕтIуанэ зэIущIэгъуэ», «ИлъэсипщI текIа нэужь», «Дарий чысэ», «Хьэбибэ и щыхьэкIуэ», «Алъхъэс и къуэ Тугъэн», н.) къызэрыхэщыр («Хужьэ и къуэладжэ». Рассказхэмрэ поэмэхэмрэ, 1960).

**Къущхьэ СулътIан.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Лъэпкъ прозэр цIыхум нэхъ хуэгъэза зэрыхъуар, психологизмэр абы нэхъ куу щыхъуу зэрыхуежьар Къущхьэ С. и рассказхэм къызэрыхэщыр («ШагъдиитI», «Механик», «Пшагъуэ», «ЩIакIуэ щIагъым», «Анэ», нэгъуэщIхэри).

* * *

**Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.** ТекIуэныгъэм цIыхухэм къахуихьа гуфIэгъуэмрэ «гукъэкIыж дыджхэмрэ» щызэхэухуэна

усэхэр. ЗауэлI гъуэгуанэр зауэм хэта усакIуэхэм (КIыщокъуэ А., ЩоджэнцIыкIу I., Уэхъутэ А., КIуащ Б., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцIыкIу Н., нэгъуэщIхэми) къызэрагъэлъагъуэжыр, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Лъэпкъ лирикэм игъуэта зыужьыныгъэр, адыгэ усэ гъэпсыкIэм зэрызиузэщIар, ар зи фIыгъэ усакIуэхэр.

Философие гупсысэхэм къагъэщIа медитативнэ лирикэр, граждан, лъагъуныгъэ усэхэр. УсакIуэхэм художественнэ IэмалхэмкIэ цIыхугъэм, лъэпкъ хабзэм, цIыхухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм екьэлIа Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр.

**КIыщокъуэ Алим.** УсакIуэм и зауэ лирикэр. «Шум и гъуэгу» (1946), «ЩIалэгъуэ пшыналъэ» (1947), «Стихи» (М., 1951), «Усэхэр, уэрэдхэр, поэмэхэр» (1953), «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (1956) усэ сборникхэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ усыгъэр, лирикэр зэрыкIуэну гъуэгур убзыхунымкIэ КIыщокъуэ А. 50 гъэхэм къыдигъэкIа усэ тхылъхэм яIа мыхьэнэр.

**Гъуэщокъуэ Хъусин.** УсакIуэм и пейзаж лирикэр. Гъэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр усакIуэм къызэригъэлъагъуэ художественнэ Iэмалхэр. Абы и усэхэр гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ, хъуэпсапIэ гуэрхэм укъыхуагъэушу зэрыщытыр.

ЛэжьакIуэ пэрытыр усакIуэм зэриIэтыр, «хамэ пщIэнтIэпскIэ псэухэм» я дуней тетыкIэр зэримыгъэдахэр («ГуащIэдэкIым и уэрэд», «ГуфIэгъуэ», «Гум и макъ» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри).

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** ЦIыху лэжьакIуэр, и гъащIэр езым и IэкIэ зыузэщIыж ухуакIуэр ЩоджэнцIыкIу I. и усэхэм зэрыщигъэлъапIэр. УсакIуэм и япэ усэ тхылъхэр («Гухэлъ усэ», 1951; «Гумызагъэ», 1958; «лирикэ», 1958; «Восхождение» (М., 1959), нэгъуэщIхэри).

**Щомахуэ Амырхъан.** УсакIуэм гухуабагъэрэ фIылъагъуныгъэшхуэкIэ гъэнщIа и сабий усэхэр, ахэр лъэпкъ сабий литературэм и псыпэ зэрыхъуар («Сабийхэм папщIэ усэхэр», 1949; «Унэ нэху», 1953; «Жамбот и Камбот» М., 1957; «Зэраншу», 1958 усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри).

**Хьэнфэн Алим** лъэпкъ сабий литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр. УсакIуэр адыгэ лирик нэхъыфIхэм зэращыщыр, абы и усэхэм хэкур, жылагъуэ Iуэхухэр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр, мамырыгъэр хъумэныр темэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр («Япэ лъэбакъуэ», «ГъащIэм и пшыналъэ», «ГурыщIэ къабзэ» усэ тхылъхэр).

* * *

**50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр.** Адыгэ лъэпкъ усыгъэр лъагапIэщIэхэм хуэзыша усакIуэхэм я япэ усэ тхылъхэр: ЩоджэнцIыкIу Н. «Усэхэр» (1955); Мысачэ П. «Къурш псынэ» (1955), «Уэращ зи фIыщIэр», 1958; Балъкъэр Ф. «Нэхущ» (1958); Елгъэр К. «Дыгъэ къыщIэкIыгъуэ» (1958), «Псыкъелъэм и уэрэд» (1959); Нало З. «Бзухэм я бзэр» (1959); Тхьэгъэзит З. «Бгым сыдокI» (1960), нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ лирикэм зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.

**КIуащ БетIал.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

КIуащ Б. лъэпкъ усыгъэм и «Iэпкълъэпкъыр» жан зэрищIар, абы и бзэм, и гъэпсыкIэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр. «ЩIалэгъуэм и усакIуэ уахътыншэу» абы литературэ критикхэр щIеджэр.

УсакIуэм и граждан лирикэр, цIыхухэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр абы зэрыщыгъэлъэпIар. Хэкум, лъахэм, адыгэ лъэпкъым теухуа усэхэр («Къэбэрдей», «Уэр мыхъуам, сыбгъэ дамэншэт», «Сыт сызыщышынэр?», «Си Хэку», «Мамырыгъэ», «Индыл», н.).

КIуащ Б. и гухэлъ (лъагъуныгъэ) лирикэр («Си псыхъуэгуащэ», «Уэрэ сэрэ щэхуу дызэхуозэ», «Лъагъуныгъэ…», «Уджым ухэту уздекIуэкIым», «Сэ солъагъу гу тхьэкъуу розэ…», н.).

УсакIуэм и лиро-эпикэ тхыгъэхэр: «Нэху», «ДжонитI», «Адэ», «ЩIалэгъуэ щIыналъэ» тхыгъэхэр, балладэхэр.

КIуащ Б. адыгэ усэ гъэпсыкIэм щIэуэ хилъхьахэр, къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.

* * *

**Лъэпкъ драматургиер.** Адыгэ драматургхэм я къэлъыхъуэныгъэщIэхэр: зэманым къигъэщI Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр, лIыхъужьыщIэхэр утыку къызэрырашэр (Шортэн А. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» (1947), «Зы унагъуэ гуэрым» (1955); КIыщокъуэ А. «Алъхъо» (1950); Щоджэн М. «ГуфIэгъуэ пщэдджыжь» (1953); Къардэн Хь. «Гухэм я хуабэ» (1950), «Гъуэгу пэж» (1959); Тубай М. «Насыпыр хъумэ» (1960), нэгъуэщIхэри).

Комедие жанрым игъуэта зыужьыныгъэр. Жылагъуэм хуэгъэзауэ публицистикэ къалэн зыгъэзащIэ ауан, гушыIэ пьесэхэр (Щхьэгъэпсо М. «ТIэмашэ и бынунагъуэ» (1944), «МыхъущIэ Марзидан» (1958); Тубай М. «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ» (1953), «Жьэрыплъэ» (1954); Къардэн Хь. «Насыпыншэм фызитI и натIэщ» (1959), нэгъуэщIхэри).

**Акъсырэ Залымхъан.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Лъэпкъым дежкIэ зэхэгъэкIыпIэу щыта тхыдэ лъэхъэнэхэр къэгъэлъэгъуэжыным ехьэлIауэ драматургым зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр.

Драматургымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ. «Дыгъэр къыщыкъуэкIым», «Лашын», «Къызбрун», «ИстамбылакIуэ», «Iэдииху», «Андемыркъан», «Гуащэм и чэщанэ» драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуахэмрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Акъсырэ З. и драмэ лэжьыгъэхэм лъэпкъ драматургием и тхыдэм щаубыд увыпIэр.

* * *

**Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ.** Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ литературэм и унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн зэрагъэзащIэр. 50 гъэхэм методологием ехьэлIауэ адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ я пащхьэ къита къалэнхэмрэ ахэр зэрызэрагъэхъулIэфамрэ.

Адыгэ литературэм и зыужьыкIэм, жанрхэм, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэм, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэм, адыгэ литературэхэм я къуэпсхэр гъэбелджылыным теухуауэ 50 гъэхэм къыдэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр (Теунэ Хь. «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэмрэ», 1955; Сокъур М. «ЛIыпIэ иувэныгъэ», 1955; ХьэкIуащэ А. «ЩоджэнцIыкIу Алий», 1958; Нало З. «IуэрыIуатэм и къулеягъыр литературэм къыщыгъэсэбэпын», 1959; Хъупсырокъуэ Хъ. «Адыгэ литературэхэм теухуауэ», 1960; КIурашын Б. «Народ усакIуэм и «кIыщым», 1960; Къардэн Б. «Бзэмрэ стилымрэ я IуэхукIэ», 1958, н.). Лъэпкъ литературэм зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.

## РАЗДЕЛ 4

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм и 60–80 гъэхэм (Кабардино-черкесская литература 60–80-х гг. XX века)

### Лъэпкъ прозэм игъуэта зыужьыныгъэр

Тхыдэ Iуэхугъуэ инхэр художественнэ псалъэкIэ къэгъэлъэгъуэжыным адыгэ тхакIуэхэр нэхъ тегушхуэ зэрыхъуар. Тхыдэ къэхъукъащIэхэм лъэхъэнэм и цIыхущIэм и хьэл-щэныр зэрапсыхьыр, и дуней лъагъукIэр, лъапIэныгъэу илъытэу къыдэгъуэгурыкIуэхэр зэрахъуэжыр, и зэхэщIыкIым зэхъуэкIыныгъэ инхэр зэрырагъэгъуэтыр лъэпкъ тхыдэ-революцэ художественнэ тхыгъэ нэхъ пIащэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар (КIыщокъуэ А. и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романхэр, Теунэ Хь. и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр, Щомахуэ А. и «Тэрч Iуфэ къыщищI пшэплъ» романыр, нэгъуэщIхэри).

50–60 гъэхэм цIыхубэм и зэхэщIыкIыр нэхъ куу зэрыхъуам, тхылъеджэр зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм зэрызаубгъуам щыхьэт техъуэ художественнэ тхыгъэхэр.

Лъэпкъ прозэм и пащхьэ лъэхъэнэм къригъэува къалэнышщIэхэр: и ухыкIэ хъунум псори щыгъуазэ «сюжет жэбзэжам» къыпыкIыу цIыхум и гупсысэр зыунэтI Iуэхугъуэхэр, и псэкупсэ (духовнэ) дунейр зыуззщI къарухэр къихутэну абы тхакIуэхэм къахуигъэув зэрыхъуар.

**КIыщокъуэ Алим** и тхыдэ-революцэ романхэр: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» трилогиер. Роман-эпопеем и нэщэнэхэр. Романхэм я гъэпсыкIэр, я бзэр.

* * *

**Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар**: нэрылъагъу зэхэкъутэныгъэхэмрэ нэрымылъагъуу цIыхупсэм зауэм къытрина дыркъуэхэмрэ; илъэс бжыгъэкIэ зауэлI фащэр щызымыха лIыхъужьыр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным пыщIа гугъуехьхэр. ЗауэлI-тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. «Окопэ реализмэкIэ» зэджэм и нэщэнэхэр адыгэ прозэм и жанр зэхуэмыдэхэм зэратеплъагъуэр: Къашыргъэ Хь. («Лъапсэ быдэ» романыр), Щомахуэ А. («ТIасхъэщIэххэр: рассказхэр» тхылъыр), Къардэн Б. («Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужххэр», «КъызэрыгуэкI къалэнхэр», «КIыхьщ зауэ гъуэгур» тхылъхэр), Нало А. («Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» повестыр, «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» рассказ сборникхэр), КхъуэIуфэ Хь. («Зауэм и IэпапIэхэр» рассказ сборникыр, «Орел умирает в полете» документальнэ повестыр) сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.

**Къашыргъэ ХьэпащIэ** и «Лъапсэ быдэ» романыр.

**Къардэн Бубэ** и зауэ (военнэ) прозэр. «Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужххэр», «Григорий Ликос», «Комбат», «КIыхьщ зауэ гъуэгур», повестхэр.

* * *

**«Зауэ» прозэм къыдэкIуэу, 60–80 гъэхэм адыгэ литературэм, зыщызыужьу хуежьа нэгъуэщI литературэ унэтIыныгъэхэр**: «къуажэ» прозэр, «къалэ» («интеллектуальнэкIи» йоджэ) прозэр, хабзэ-зэхэтыкIэм, унагъуэ Iуэхухэм теухуа прозэр, «еджэгъуафIэ» (беллетристикэ, массовэ) прозэр (къэхъукъащIэ, детектив лIэужьыгъуэхэр), нэгъуэщIхэри.

Литературэ унэтIыныгъэщIэхэм я лIыкIуэхэр, адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм абыхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэр (Теунэ Хь. «Псэм и IэфIыр къуатмэ», Щомахуэ А. «Бгырыс шухэр», ЩоджэнцIыкIу I. «Уи цIэр фIэсщынщ», Къущхьэ С. «Благъэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», Елгъэр К. «Жэщ дыгъэ», Анзор М. «Атэлыкъым и лъэужьыр», Мэзыхьэ Б. «ПцIащхъуэ хужь», Журт Б. «Гъатхэ пасэ», КIыщокъуэ Р. «Къарабэир и лъэужьхэмкIэ», «Щихь лIыжьым и Iэлъыныр», н.). ТхакIуэ нэхъыжьхэм я творчествэм, зым адрейр къытепщIыкIыжурэ, цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр – цIыхугъэр, ныбжьэгъугъэр, лъахэр фIыуэ лъагъуныр, гъунэгъум пщIэ хуэщIыныр, нэгъуэщIхэри – нэхъыщхьэ зэрыщыхъур. Лъэпкъ прозэр «плъыфитI (хужьрэ фIыцIэрэ) фIэкI здэщымыIэ дунейм» икIыу гъащIэ зэмыфэгъум и сурэтыр щIыным зэрыхуэкIуар.

**Теунэ Хьэчим.** «Псэм и IэфIыр къуатмэ» роман-дилогиер. «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр. Теунэ Хь. и романхэм («Псэм и IэфIыр къуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр», «Дыщэ кIанэхэр») я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр.

**Анзор Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ ар къэзыхъумэ къаруэ «Атэлыкъым и лIэужьыр» повестым къызэрыщыкIуэр. Повестым и гъэпсыкIэр, и бзэр.

* * *

**60–80 гъэхэм «къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар.** «Къуажэ» прозэ терминыр къызэрыбгурыIуэн хуейр, абы къызэщIиубыдэр. Къуажэдэсхэм

я гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр, ахэр зыIуууэ гугъуехьхэр, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр ЩоджэнцIыкIу I., ХьэхъупащIэ Хь., Ахъмэт М., Мысачэ П., Кхъуэхъу Ц., Шал Къ., КхъуэIуфэ Хь., Дыгъужь Къу., Нэхущ М., АбытIэ Хъ., Брат Хь., Журт Б., ШэджыхьэщIэ Хь., Къэрмокъуэ М., Мэзыхьэ Б. сымэ я прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

«Къуажэ» литературэм гурыщIэр нэхъыбэу къыхэIукI зэрыхъуар, лъэпкъ прозэм и стилистикэм абы зэрызригъэхъуэжар. ТхакIуэхэм нэхъыбэу лирикэ гупсысэхэр, езыхэм я псалъэхэр, зыхуэгъэзэныгъэхэр тхыгъэхэм хагъэхьэ зэрыхъуар, а IэмалымкIэ сюжетхэр нэхъ щаби, цIыхупсэм нэхъ хуэгъэзаи зэращIар. **Къэрмокъуэ М.** «Щихухэр иджыри мэкI» романыр.

ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къуажэмрэ къалэмрэ яIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр гъэмэщIэным теухуауэ а илъэсхэм къэралым щекIуэкIа къыхуеджэныгъэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ. Лъэпкъ интеллигенцэр абыхэм къыхэша зэрыхъуар. Ахэр купщIэ зыхуэхъуа лъэпкъ художественнэ прозэр: **Мысачэ П.** «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэ гуащэ» повестхэр; **Ахъмэт М.** и «Ди къуажэм» повестыр, **Дыгъужь Къу.** и «ТехьэпщIэ» повестыр, **Мысрокъуэ С.** и «Гъуэгу гугъу» повестыр, нэгъуэщIхэри.

## Лъэпкъ тхыдэмрэ адыгэ литературэмрэ

Адыгэм и блэкIа жыжьэмрэ гъунэгъумрэ зыхуэгъэзэжыныр, щIэныгъэр и тегъэщIапIэу ахэр къэхутэжыныр, тхыдэм и дерсхэр художественнэ IэмалхэмкIэ къызэIухыжыныр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм зэрыщекIуэкIар, абы хэлъа щхьэхуэныгъэхэр (Къашыргъэ Хь. «ПшэкIухь» романыр, Хьэкъун И. «Бзылъхугъэ шу щэху» повестыр, Шортэн А. «Къэзанокъуэ Жэбагъы» документальнэ повестыр, Мэлбахъуэ Е. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» романыр.

**КIэрашэ Тембот.** ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ. КIэрашэ Т. и тхыдэ повестхэр («Шапсыгъ пщащэ», «Абрэдж, «Шыхъуэм и лIыгъэ», «Иужьрей уэгъуэ»). «Шу закъуэ» романыр. Романым и ухуэкIэмрэ и бзэмрэ.

**Нало Ахьмэдхъан**. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Нало А. и прозэм иIэ щытыкIэ хэхар, абы и романхэр («Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу»), повестхэмрэ рассказхэмрэ («Бжьэ къэпщIа», «Урыху акъужь», «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», н.) зытеухуамрэ къаIуатэ гупсысэхэмрэ. «Нэхущ шу» тхыдэ романыр. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр романым къызэрыхэщыр. Романым и ухуэкIэр, и бзэр.

**Мэлбахъуэ Елберд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» романыр. Романым и гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: тхакIуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэрызэришалIэр, «IуэрыIуатэ къупхъэр» къызэнэкIыным ехьэлIауэ къэхутэныгъэ Iэмалхэр къызэригъэсэбэпыр.

## КIыщокъуэ Алим. ТхакIуэмрэ зэманымрэ

**КIыщокъуэм и прозэ тхыгъэхэр.** «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» роман-трилогиер. «Лъапсэ» романыр. Романыр зытеухуамрэ щIэлъ философие гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Романым и художественнэ гъэпсыкIэр: тхыгъэм и сюжет къудамитIым лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнитI зэрызэпащIэр. Тхыгъэм тхыдэ мыхьэнэ яIэу къыхэщыж теплъэгъуэхэр: Хэку зауэшхуэм и зэманым, 60 гъэхэм Къэбэрдейм къыщыхъуа Iуэхугъуэ гукъинэжхэм тхакIуэр зэрахущытыр.

* * *

**КIыщокъуэм и усыгъэр.** КIыщокъуэ Алимрэ лъэпкъ поэзиемрэ. УсакIуэм и творчествэм и лъэхъэнэ щхьэхуэхэр. Абы и усыгъэр цикл щхьэхуэурэ бгуэш зэрыхъур.

УсакIуэм и граждан лирикэр («Мывэ хуабэ», «Си деж хьэщIапIэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Усэхэр» усэ тхылъхэр).

Хэкур, лъахэр, цIыхухэр фIыуэ лъагъуным, укъызыхэкIа лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлэжьэным укъыхуезыджэ усэхэр («Кхъужьей къудамэ», «Адыгэ хэку», «Iуащхьэмахуэ», «Зеич лантIэ», нэгъуэщIхэри), абыхэм къаIуатэ гупсысэхэр, яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

IэнатIэ пэрыт, зи гуащIэкIэ псэуж цIыхур гъэлъэпIэным, и IэщIагъэм къыпыкI фIыгъуэмкIэ цIыхубэм хьэлэлу ядэгуашэ лэжьакIуэ гуащIафIэхэр зыIэт усэхэр («МакIуэр щIалэр ауз гъуэгукIэ», «КъебжэкI», «Мэл гуартэ», «А пщыхьэщхьэм бжьыхьэ пшагъуэу», нэгъуэщIхэри).

УсакIуэм и поэмэхэр («Адэ», «Тисей», «Зэшиблымрэ зы псыкъуиймрэ ятеухуа индийскэ поэмэ»; сабийхэм яхуитхахэр: «Елбэздыкъуэ», «Бажэ пшынауэ»). Поэмэхэр зытеухуар, абыхэ усакIуэм къыщиIуатэ гупсысэхэр.

## ЦIыхугъэм, гурыщIэм (лирикэ) теухуа прозэр

*Хэзыгъэгъуазэ.* Лиризмэр прозэм зэрыщызэфIэувэр, ар повесть жанрым нэхъ зэрыхэплъагъуэр. 60–80 гъэхэм публицистикэм и щэнхэр жанрым нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар, ар цIыхум, абы и гурыгъу-гурыщIэхэм нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Повестым и лIэжьыгъуэхэм а лъэхъэнэм зэрызаужьар: повесть-автобиографие, повесть-гукъэкIыж, повесть-ущие, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр хъумэнымрэ щIэблэр гъэсэнымрэ ехьэлIауэ зэманым къигъэщI лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыным и Iуэхум лъэпкъ прозэр зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэр. А мурадым хуэлажьэ художественнэ тхыгъэхэр (ЩоджэнцIыкIу I. и «Уэлбанэ дыгъэ» повестыр, ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», «Гур зыщIэхъуэпсыр» повестхэр, Журт Б. и «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр, КIэрэф М. «Адэ щIэин мылъку хъурэ?», «Сэфар» повестхэр, КIуантIэ I. и «ГъуэгурыкIуэ», «Гуэл Iуфэм», «Лъэмыж» повестхэмрэ рассказхэмрэ, КхъуэIуфэ Хь. «Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ» повестыр, ШэджыхьэщIэ Хь. и «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!» повестыр, нэгъуэщIхэри).

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ. «Софят и гъатхэ», «Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэр. Повестхэм я ухуэкIэр, тхакIуэм и бзэм и къулеягъыр.

ЩоджэнцIыкIу I. и **усэхэр.** ЦIыхугъэм, мамырыгъэм, лэжьыгъэ хьэлэлым, ныбжьэгъугъэм укъыхуезыджэу ахэр зэрыщытыр.

УсакIуэм и сонетхэр. Лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэщIэу ахэр зэрыщытыр.

ЩоджэнцIыкIу I. зэдзэкIыкIуэ Iэзэу зэрыщытар. Абы Шекспир, Лопе де Вегэ сымэ я пьесэхэр («Гамлет», «Ерыщыр къызэрагъэIэсар», «ПсыефапIэ»), Навои, Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, украин, осетин усакIуэхэм я усэ куэд адыгэбзэм къызэрыригъэтIэсар. Лъэпкъ литературэмрэ литературэбзэмрэ заужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.

**Дыгъужь Къурмэн**. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. 60–70 гъэхэм къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я IуэхущIафэу, зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэу яIахэр **«ТехьэпщIэ»** повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар.

## Адыгэ усыгъэр 60-80 гъэхэм: къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, гъунапкъэщIэхэр

50–70 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр (Тхьэгъэзит З., ЩоджэнцIыкIу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., Елгъэр К., Балъкъэр Ф., Къэжэр П., Мысачэ П., Тут М., Гъуэзджэщ Хъ., Шорэ Хь., Къэбэрдей Ф., Жаным Б., Гъубжокъуэ Л., Хьэх С., Бахъуэ Б., Брай А., КIэщт М., нэгъуэщIхэри). Лъэпкъ усыгъэм щызэфIэува хабзэхэмрэ («ЩоджэнцIыкIу Алий иубзыхуа гъуэгур») усакIуэ щIалэхэм я къэлъыхъуэныгъэхэмрэ.

Адыгэ лирикэр жылагъуэ Iуэхугъуэхэм щхьэпрыIэбыкIыу цIыху къызэрыгуэкIым и гурыщIэхэмкIэ зэщIэузэда зэрыхъуар. **Балъкъэр Фоусэт.** «Нэхущ», «Уафэр хызодыкI», «Гугъэм и лъэрыгъ», «Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу», «КъысхуэгуфIэ», «УэрэдыщIэ» усэ тхылъхэр, н.

Мардэ убзыхуа гуэрхэр къызэнэкIыныр, гурыщIэр, гуащIэдэкI хьэлэлыр, лэжьакIуэ пэрытыр гъэлъэпIэныр натурализмэм и жыпхъэм къишауэ романтизмэм и хьэлщэнхэмкIэ «хуэпэныр». **Нало Заур.** «Бзухэм я бзэр», «Усэхэр» усэ тхылъхэр, н.

Лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм теухуа усыгъэхэр, апхуэдэхэр 60–70 гъэхэм утыку къихьэным иIа мыхьэнэр. **Гъубжокъуэ Лиуан.** «Шэрэдж толъкунхэр», «Насыпгуэш», «Жэщ гупсысэхэр» усэ тхылъхэр; **Нэхущ Мухьэмэд** «Адыгэ нэпсхэр» тхылъыр, нэгъуэщIхэри.

Лъэхъэнэмрэ цIыхумрэ, зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лэжьыгъэ текIуэныгъэщIэхэмрэ пэджэжыныр поэзием къалэн зэрыхуэхъур. УсэкIэ тха публицистикэр фIым, зыужьыныгъэм хуэгъэлэжьэныр. **Къагъырмэс Борис.** «ФIэхъус апщий!», «ЛIэщIыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпскI къудамэ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Лэскэн пшыналъэ» усэ тхылъхэр, н.

Пейзаж лирикэм адыгэ усыгъэм щигъуэта зыужьыныгъэр. Дунейм и теплъэ е и къэхъукъащIэ къызэрыгуэкIыр тхылъеджэм щIэщыгъуэ щыщIыныр, псэкIэ зыхегъэщIэныр. **Къэжэр Петр.** «Шыхулъагъуэ», «Джулатыщхьэ», «Гулъытэ» усэ тхылъхэр, н.

«Iущыгъэр» (интеллектыр) зи гъуазэу ялъытэ усыгъэр. Лъэпкъ философиемрэ лъэпкъ Iущыгъэмрэ щызэхэухуэна поэзиер, усэ гъэпсыкIэм игъуэт щытыкIэщIэхэр. **Къэжэр Хьэмид.** «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», н., **Сокъур М.** «ЩIыщIэжь», «Нэпкъыжьэ», н.

Эстетикэ купщIэшхуэ зыхэлъ дамыгъэхэр и щIэгъэкъуэну адыгэ усыгъэр схематизмэм, хабзэ убзыхуахэм я къупхъэм ибэкъукI зэрыхъуар, усэбзэм и стилистикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. **IутIыж Борис.** «Си Дахэнагъуэ» усэ тхылъыр, сонетхэр.

Автобиографие усыгъэр. Зы цIыхум и нэгу щIэкIахэмкIэ лъэпкъым, лъахэм и гъащIэ гъуэгуанэр къэгъэлъэгъуэжыныр. **Хьэх Сэфарбий.** «Усэхэр», «Пщэдджыжьыпс бзыгъэ», «Си гъэмахуэ», «Бжьыхьэ макъамэхэр» усэ тхылъхэр, н.

**Тхьэгъэзит Зубер.** УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

УсакIуэмрэ поэзиемрэ я зэхущытыкIэр, абы и гъащIэр, и дуней еплъыкIэр.

Тхьэгъэзитым и «лирикэ щабэр»: усакIуэмрэ лъахэмрэ, усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ, усакIуэмрэ лъагъуныгъэмрэ, усакIуэмрэ гъащIэмрэ, усакIуэмрэ ажалымрэ («Бгым сыдокI», «Тэрч макъамэхэр», «Усэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «ГукъэкIыж: усэхэмрэ балладэхэмрэ» усэ тхылъхэр, н.)

УсакIуэм къигъэщI образхэр, цIыхугъэ лъагэм и нэщэнэхэу абыхэм яхэплъагъуэхэр.

Поэзием и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм – дыкъэзыухъуреихь дунейм, лъагъуныгъэм, гъащIэм, уахътыншагъэм, нэгъуэщIхэми – усакIуэр зэрабгъэдыхьэр, къигъэщI образыщIэхэр, жыIэкIэщIэхэр.

Тхьэгъэзитым зэридзэкIа тхыгъэхэр (В. Жуковскэм, К. Батюшковым, А. Фет, Б. Пастернак, А. Ахматовэм, О. Мандельштам, нэгъуэщхэми я усэхэр; Ш. Руставели и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» тхыгъэ цIэрыIуэр, А. Пушкиным и «Евгений Онегин» романыр, и поэмэхэмрпэ усэхэмрэ). УсакIуэм и бзэр, и усэ гъэпсыкIэр.

**Бещтокъуэ Хьэбас**. УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Бещтокъуэм и лирикэ усэхэм я тематикэр, усэ циклхэр. Хэкум, адыгэ тхыдэм, анэдэлъхубзэм теухуа усэхэр.

УсакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэр. Гухэлъ къабзэм сыт щыгъуи цIыхугъэшхуэрэ зэхэщIыкIрэ зэрагъусэр, гурыщIэ куур зэрыдахэр икIи зэрымыужьыхыр апхуэдэ усэхэм я купщIэу зэрыщытыр.

Бещтокъуэ Хь. и тхыгъэхэу лирэ-эпикэ жанрым хыхьэхэр. УсэбзэкIэ тха **«Мывэ лъэхъэнэ»** романыр. Языныкъуэ литературэдж щIэныгъэлIхэр «роман-притчэкIэ» абы щIеджэр. Романым иIэ унэтIыныгъэхэр: ар философие усыгъэу, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ (природэмрэ) яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэнахуэу, цIыхум и хьэл-щэныр къызэрапщытэ гъэунэхуныгъэу, мыхъумыщIагъэм нэлат езых тхыгъэу зэрыщытыр. Тхыгъэр нобэ дызэIууэ гугъуехьхэм зэрапэджэжыр, цIыхугъэмрэ цIыхугъэншагъэмрэ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ я зэныкъуэкъур абы къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Тхыгъэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэр. Мифым и малъхъэдисым къыIэщIихыу Ану и щхьэ закъуэ зэфIэкIыр япэ иригъэщыну усакIуэр зэрыхущIэкъур, абы и мыхьэнэр. Роман-мифым пейзажым щигъэзащIэ къалэныр, псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я образхэр къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэр.

«Мывэ лъэхъэнэ» романымкIэ лъэпкъ литературэ къупхъэм икIыу дунейпсо гъуазджэм къыпэщыт къалэн гугъухэр зэфIэхыным усакIуэр яужь зэрихьэр. Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщIэм хэзыша тхыгъэу романыр зэрыщытыр.

Романыр зэрытха бзэр, усакIуэм къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.

### Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ литературэм и жанр кIэщIхэмрэ

Жанр кIэщIхэр (хъыбар, рассказ, новеллэ) адыгэ литературэм нэхъ псынщIэу зыщызыужь лIэужьыгъуэу зэрыщытыр. Жанр кIэщIхэм я лъабжьэр лъэпкъ литературэм щызыгъэтIылъахэр, абыкIэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм зэфIагъэкIар. 60–80 гъэхэм абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

Лъэпкъ прозэм цIыхугъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, психологизмэр нэхъ куу зэрыщыхъур. ЦIыхумрэ щIыуэпсымрэ, цIыхумрэ жылагъуэмрэ, цIыхумрэ тхыдэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр зэфIэхыныр жанр кIэщIхэм къалэн нэхъыщхьэу я пащхьэ къызэриувэр (Журт Б., Елгъэр К., КIэрэф М., ХьэхъупащIэ Хь., Щхьэумэжь Б., КхъуэIуфэ Хь., Хьэх С., Къагъырмэс Б., Гъэунэ Б., Ацкъан Р., Мыжей М., Дэбагъуэ М., БакIуу М., Шорэ А., Нэхущ М., Абазэ Л., Гъут А., Тхьэмокъуэ Б., ХьэIупщы М., Мыз А., нэгъуэщIхэми я рассказхэр).

Автобиографие тхыгъэхэр. **Нало Заур.** Рассказхэр щызэхуэхьэса «Къру закъуэ» тхылъыр. Зи Iэзагъыр IэщIагъэ къызэрыгуэкIым икIыу гъуазджэм и щапхъэхэм нэса цIыхухэм я образхэр «Къру закъуэ», «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ», «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр», «ТIытIу и дыгъэ шыщIэ» новеллэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

ТхакIуэм и рассказхэм я бзэр, гъэпсыкIэ щхьэхуэр, IуэрыIуатэм и хабзэхэр абыхэм къызэрыщыгъэсэбэпар.

ФIэкIыпIэ зимыIэ гъащIэ лъэпощхьэпохэм цIыхум и псэм къытринэ дыркъуэхэр къызытещ лъэпкъ прозэр. **Мэзыхьэ Борис.** ЦIыхум и псэкупсэ дунейр зэрыхузар, и зэфIэкIыр къызэIуихыну Iэмал зэримыгъуэтыр, «гъащIэм къыщылъыс мащIэм» арэзы техъуэн фIэкIа нэгъуэщI къызэрыхуэмынэжыр нэпкъыжьэу тхакIуэм и тхыгъэхэм зэрательыр («Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «Мазэхэ жэщ», «Къуажэ пшыхьхэр» рассказ сборникхэр).

ТхакIуэм и повестхэр («Бжьыхьэр пщIащэ пыщэщыжыгъуэщ», «Мыл джанэ», «ПцIащхъуэ хужь», нэгъуэщIхэри).

### Драматургиемрэ зэманым и плъыфэхэмрэ

Революцэ, зауэ темэхэм къыпыкIыу унагъуэм исхэм, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм драмэ лэжьыгъэхэр теухуа зэрыхъур. Лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэм и хьэл-щэным и пщалъэ абы и фIэщхъуныгъэр, зэхэщIыкIыр лъабжьэ хуэщIыныр, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къишэ щыуагъэхэр.

Лъэхъэнэгъум и образым пьесэхэм щагъуэт зыужьыныгъэр, ІэпкълъэпкъкІи псэкІи къэщІэрэщІэжыным ар зэрыхущІэкъур (Шортэн А., КъардэнгъущІ З., Акъсырэ З., Дудар Хь. Журт Б., Дэбагъуэ М., н. я драмэ лэжьыгъэхэр).

**ІутІыж Борис.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и щІэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ІутІыжым и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуамрэ къаІэт гупсысэхэмрэ. Лъэпкъ литературэм и хабзэхэмрэ дунейпсо драматургием и классикэ унэтІыныгъэхэмрэ тхакІуэм и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэм Іэзэу зэрыщызэхиухуанэр («Тыргъэтауэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Кхъужьеибэ», «Эдип», н.). УсэбзэкІэ тха пьесэхэм яхэлъ къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Лъэпкъ комедиографием ІутІыжым хуищІа хэлъхьэныгъэр («Шамхьун и фызышэ», «ГушыІэ махуэ апщий!» комедиехэр, «Ажэгъафэ джэгухэр» циклым хыхьэ комедиехэр, «Гуащэмыдэхьэблэ» водевилыр, Хьэцацэ дахэ» фарсыр, «Хьэпэщыпхэ», «Жьэмыгъуэ Африкэм», «Жьэмыгъуэ Америкэм» пьесэхэр, нэгъуэщІхэри).

«Тыргъэтауэ» драмэр. Лъэпкъым и тхыдэ жыжьэм теухуа пьесэр иджырей ди гъащІэм къыпэджэжу зэрыщытыр. Драмэм къыщиІуэтэж тхыдэ ІуэхугъуэхэмI тхакІуэм и персонажхэр зэрыхишэ щІыкІэр, абыкІэ къигъэсэбэп художественнэ Іэмалхэр.

«Тыргъэтауэ» пьесэр лъэпкъ драматургием и хэлъхьэныгъэ ину зэрыщытыр.

**Дэбагъуэ Мухьэмэд.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэм щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр.

## Лъэпкъ литературэ щІэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ

Адыгэ литературэм и зыужьыкІэр, жанрхэр, художественнэ Іэмалхэм я къэгъэсэбэпыкІэр, ІуэрыІуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкІэр, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэри къэхутэным, джыным хуэунэтІауэ литературэ щІэныгъэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр. Адыгэ литературэ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуэхъуа лэжьыгъэхэр, ахэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа еджагъэшхуэхэмрэ критикхэмрэ: Шэвлокъуэ П. («ТхакІуэмрэ гъащІэмрэ», «ГъащІэм и пшыналъэ»), Сокъур М. («Литерактурэм и бакъуэкІэ»), ХьэкІуащэ А. («Япэ адыгэ тхакІуэхэр», «ЩоджэнцІыкІу Алий», ЕхъулІэныгъэм и хэкІыпІэхэр», «Адыгэ усэ гъэпсыкІэ»), Нало З. («Къэбэрдей поэзиер зауэ нэужьым», «ДжэгуакІуэмрэ усакІуэмрэ», «Лъабжьэмрэ щхьэкІэмрэ», «Адаб Баксанского культурного движения»), КІурашын Б. («Хасэ», «Упсэу: литературэм, искусствэм теухуа тхыгъэхэр»), Къэрмокъуэ Хь. («Дэрэжэгъуэ», «ТхакІуэмрэ зэманымрэ»), Мусукаевэ А. («Поиски и свершения», «Ответственность перед временем», «Северокавказский роман»), Къэжэр Хь. («Ди прозэм и лъэбакъуэщІэ», «Зыужьыныгъэм и гъуэгукІэ»), КхъуэІуфэ Хь. («В зеркале социальной жизни»), Шэвлокъуэ П. («ТхакІуэм рэ гъащІэмрэ», «ГъащІэм и пэж», «ГъащІэм и пшыналъэ»), Тхьэгъэзит Ю. («Адыгэ роман», «зы къуэпскІэ зэпхащ»), нэгъуэщІхэри.

## Адыгэ литературэр 80 гъэхэм – зэхъуэкІыныгъэхэм (перестройкэм) я илъэсхэм

Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщІэм хуэзыгъэхьэзыра жылагъуэ, политикэ Іуэхугъуэхэр. А лъэхъэнэм адыгэ литературэр гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкІыу гъуэгущІэ зэрытехьар, художественнэ унэтІыныгъэщІэхэр, методыщІэхэр къызэрищтар, лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм щІэрыщІэу ириплъэжыныр, блэкІам къыхэхыпхъэ дерсхэр игъэбелджылын хуей зэрыхъуар.

Лъэпкъ литературэр зэрыкІуэну гъуэгур убзыхунымкІэ тхакІуэхэм я съездхэм яІа мыхьэнэр, абыхэм къыщащта унафэхэр.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я илъэсхэм дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр: ехъулІэныгъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ.

РАЗДЕЛ 5

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр совет лъэхъэнэ нэужьым
(XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэр – XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIыр)
**(Постсоветская кабардино-черкесская литература)**

### Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр

Эстетикэ гъунапкъэщIэхэр къэгъэIурыщIэныр, псалъэм и къарур, и купщIэр къэIэтыныр, лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыныр адыгэ прозэм къалэн нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар.

ТхакIуэхэм я хуитыныгъэхэм зэрыхэхъуар, къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм зэрызаубгъуар: тхыгъэхэм лиризмэр ебэкI зэрыхъуар, абы щыгъуэми тегъэщIапIэ ящI документхэм я пщIэр къэIэтауэ.

Я IэдакъэщIэкIхэр жанркIи, тематикэкIи зэмылIэужьыгъуэ щIыным къыдэкIуэу, художественнэ фIагъыр къэIэтыным, езы лъэпкъым къигъэщIыжа гупсысэ куухэмрэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэмрэ (абы пыщIауэ нэщэнэхэмрэ дамыгъэхэмрэ къэгъэсэбэпыныр, IуэрыIуатэ, миф хъыбархэр художественнэ тхыгъэм и пкъым хэгъэзэгъэныр) лъабжьэ хуэщIыныр тхакIуэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэп зэрыхъуар. Прозэ тхыгъэхэм къыщаIэт гупсысэри и художественнэ фIагъри а Iэмалхэм къызэраIэтар.

Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа тхыгъэхэр, абыхэм яIэ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщI гугъуехьхэм тхакIуэхэр гуитIщхьитI ищIауэ зэрыщытар. Ар наIуэу къызытещыж тхыгъэхэр: Гъубж М. «Iущым хешыр езым и «Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитI», ХьэхъупащIэ Хь. «ГущIэгъуншэ», Журт Б. «Гъуэжькуий» романхэр, Хьэх С. «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ!», МафIэдз С. «Мыхъур», Нало З. «ПхъащIэр Iэзэмэ, мэзри благъэщ», Елгъэр К. «ШейтIан къафэ», Бозий Л. «Гъуэгу нашэкъашэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.

**Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ**. ЦIыхубэм, лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр адыгэ прозэм тепщэ щыхъуныр: цIыхумрэ тхыдэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ.

Адыгэм и блэкIа жыжьэм теухуа тхыгъэхэр. ЦIыху щхьэ закъуэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щигъэзащIэ къалэныр: апхуэдэ къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм къыхэхутэ лIыхъужьым и зэхэщIыкIым зэрызиузэщIыр, и жыджэрагъым зэрыхэхъуэр, къэзыухъуреихьхэм я пащхьэ щихь жэуапыр нэхъ ин зэрыхъур прозэщIэм къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэр.

Тхыдэ Iуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар. Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ, «политикэ залымыгъэм и илъэсхэмрэ» Хэку зауэшхуэмрэ, къэралыр «и пIэм щиуджыхьа лъэхъэнэмрэ» зэхъуэкIыныгъэхэмрэ (перестройкэмрэ), адыгэм и блэкIа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр: КIыщокъуэ А. «Лъапсэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытIэ В. «ЩIакIуэр зи унапIэ», «Нэпс шыугъэ», Кхъуэхъу Ц. «ФатIимэт», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», БакIуу М. «МафIэ лыгъей», Мэлбахъуэ Е. «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ», Вэрокъуэ В. «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу», Жылэтеж С. «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ», романхэр, Щамырзэ I. «Махуэ лъапIэр къэсыпат», Мыз А. «Щожэх аддэ жыжьэу Урыху», ХьэIупщы М. «Хуэрэджейр мэгъагъэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.

### Тхыдэ къэхъукъащIэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ-зэхэтыкIэр зи лъабжьэ прозэр

**МафIэдз Сэрэбий.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ. ТхакIуэм и тхыдэ прозэр: «ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Шыдыгъу» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр, нэгъуэщIхэри. КъэхъукъащIэхэмрэ

лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэмрэ тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэр. ТхакIуэм и творчествэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: жанр нэхъ цIыкIухэр къигъэсэбэпу зэгуэр итхыгъа тхыгъэхэр иужькIэ и романхэм Iыхьэ щхьэхуэу зэрыхигъэувэжыр (псалъэм папщIэ, «ХьэщIэ махуэ» повестым и сюжетыр «Гъыбзэ хуэфащэт» романым зэрыхигъэхьэжар, н.).

«Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» дилогиер: къыщыгъэлъэгъуэжа тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ лъэхъэнэмрэ. ТхакIуэм и образ къэгъэщIыкIэ щхьэхуэр. Зауэр зымыдэ, лъэпкъым и зэIузэпэщ псэукIэм папщIэ езым и гъащIэри и унагъуэм ис дэтхэнэм и гъащIэри шапэIудз хуищIыну хьэзыр, мамырщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ япэу адыгэ литературэм тхакIуэм къызэрыхишар («Мыщэ лъэбжьанэ» роман). Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагърэ, зэхэщIыкIрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр МафIэдзым и прозэм и дерс нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ШэджыхьэщIэм и прозэ тхыгъэхэр, абыхэм я къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. XX лIэщIыгъуэм икухэм адыгэхэм я псэукIар, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр «Гум псори къонэ» романым зэфIэха зэрыщыхъуар, тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэр. Романым иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ. «ЛъыщIэж» романыр. XVIII лIэщIыгъуэм адыгэхэр пщыгъуэ-пщыгъуэкIэ гуэшауэ зэрыпсэуар, лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, «Шэрджэс къэралыгъуэ» къызэгъэпэщыным куэдым я зэран къызэрекIар романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар.

IуэрыIуатэм къыхэщыж ЕщIэнокъуэ зэшхэмрэ романым хэт образхэмрэ. Гурыхь персонажхэмрэ гурымыхьхэмрэ. ЛъыщIэж хабзэ Iейм лъэпкъым зэраныгъэу къыхуихьу щытар, абы адыгэхэр зэкъуиуду, цIыхухэр бий зэхуищIу къызэрекIуэкIар. Адыгэ хабзэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ романым щаубыд увыпIэр.

Романым и ухуэкIэм, и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

**Тыуаршы Аслъэн.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Тыуаршы А. и прозэ тхыгъэхэр: «Сэтэнейр къэгъагъэмэ», «Нобэ е зэи» романхэр, «Дыщэ бгырыпх» повестыр, рассказхэр. Тхыдэ къэхъукъащIэ дыджхэмрэ гурыщIэ щабэмрэ щызэхэухуэна тхыгъэхэр. «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр.

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ТхакIуэм и документальнэ, лирическэ повестхэр: «ЛIыхъужьым и гъуэгу», «Щихухэр иджыри мэкI», «ЦIыхухъу нэпс», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», нэгъуэщIхэри. «Азэмэт», «Къоджэм угъэжейркъым» роман-дилогиер. ТхакIуэм и хъэтI щхьэхуэр, и бзэр.

**ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэ-зэхэтыкIэм теухуа прозэр.** Лъэпкъ прозэм и пащхьэ къиува IуэхугъуэщIэхэр: зэриухынур псоми ящIэ тхыдэ, тхыдэ-революцэ тематикэ жэбзэжам къыпыкIыныр, цIыхупсэм и къэхутакIуэ-гъэунэхуакIуэ къалэныр и пщэ дилъхьэжыныр, цIыхухэм я гупсысэр зыунэтI, я псэкупсэ дунейр къэзыгъэщI жылагъуэ Iуэхугъуэхэр сэтей къэщIыныр, н.

♦ Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр, зэгуэр IэщIэщIа щыуагъэм и фэбжьыр зи псэм телъ, зи гъащIэ гурыгъыр ижа цIыхум и дунейр къызэIухыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIар.

**Елгъэр Кашиф.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ.

Елгъэрым и прозэр: «Жэщ дыгъэ», «Мэз бгъуэщIым», «Лъагъуныгъэм и бзэ», «ШейтIан къафэ», нэгъуэщIхэри. Лъэхъуэщ (пенитенциар) прозэм и щэнхэр къызэтещ тхыгъэхэр адыгэ литературэм нэхъыбэрэ къыхэхуэу зэрыхуежьар. Абы и лIэужьыгъуэхэр. Напэм и гъэрэщым ихуа цIыхум и дунейр «Щыуагъэ» романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

**Къанкъул Заур** «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр.

♦ Iуэху еплъыкIэ зэхьэлIэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлIэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщIыныр. **Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КIэрэф М.,**

**ШэджыхьэщIэ Хь., КхъуэIуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэIупщы М., Мыз А.** сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.

ЦIыхум и хъуэпсапIэмрэ ар зыхэпсэукI дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр. **КIэрэф Мухьэмэд** и повестхэмрэ («Лъэужь е лIэужь», «Сэфар», «Адэ щIэин мылъку хъурэ?») рассказхэмрэ («ЛIыжь хъыбархэр» тхылъым ихуахэр). ТхакIуэм и образхэр къыщигъэщIкIэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ къызэригъэсэбэпыр.

ГурыщIэ хэIэтыкIахэмкIэ гъэнщIа тхыгъэхэр, апхуэдэ лIэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкIыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, нэгъуэщIхэри). Нало З., Брат Хь., Хьэх С., Тхьэмокъуэ Б., Шыбзыхъуэ М., Адзын М., Шорэ А., Жылэтэж С., ГъущIо З., Бозий Л. сымэ я повестхэр. Жылагъуэм, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр, гъащIэ теплъэгъуэ щхьэхуэхэр зи лъабжьэ тхыгъэ кIэщIхэр (рассказ, новеллэ, притчэ), абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

## Лъэпкъ усыгъэр XX лIэщIыгъуэм и кIэухым – XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм

80–90 гъэхэм адыгэ усыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр, нэхъыбэрэ къиIэта темэхэр, гупсысэхэр. Идеологие зэхуэмыдэхэмрэ зэман зэблэкIыгъуэмрэ Iэнкун ящIа усыгъэм и щытыкIар (ЩоджэнцIыкIу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., КIэмыргуей Т., нэгъуэщIхэми 90 гъэхэм къыдагъэкIа усэ тхылъхэр тегъэщIапIэ щIын). ЩоджэнцIыкIумрэ КIыщокъуэмрэ зи лъабжьэр ягъэтIылъа адыгэ «усэ гъэпсыкIэ хабзэхэм» зезыгъэужьа усакIуэхэм я творчествэр (Тхьэгъэзит З. «УзэщIакIуэ», Бещтокъуэ Хь. «Дуней телъыджэ», Ацкъан Р. «Тхыгъэхэр», АбытIэ Хъ. «Нэхулъэ», Сонэ А. «Iэгу махуэ-Iэгу нэщI», Пхъэш М. «Гъуэгуанэ», Нэхущ М. «Адыгэ нэпсхэр», нэгъуэщIхэри).

ЗэхъуэкIыныгъэхэм къыздахьа псэукIэ-зэхэтыкIэмрэ хабзэщIэхэмрэ я пэжагъым, захуагъэм шэч къатехьэныр, абыхэм къагъэщIа гъащIэ лъэпощхьэпохэр, Iуэхугъуэ зэфIэхыгъуейхэр, хэкIыпIэншагъэмрэ фIэщмыхъуныгъэмрэ лъэпкъ усыгъэм темэ нэхъыщхьэ щыхъуныр.

♦ «Усыгъэ IущкIэ (интеллектуальнэкIэ)» зэджэр, абы и нэщэнэхэр. Философие гупсысэ куухэм тещIыхьа поэзием и гъунапкъэхэм совет нэужь лъэхъэнэм зэрызахъуэжар.

**Ацкъан Руслан**. «ЩхьэегъэзыпIэ», «Къэгъэзэжыгъуэ» усэ тхылъхэр. Ацкъан Р.Хь. и зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэр. М.Ю. Лермонтовым и кавказ поэмэхэу («Уи хамэу зэи сыщытакъым». Налшык, 1999) усакIуэм адыгэбзэм къригъэтIэсахэр лъэпкъ тэрмэш лэжьыгъэм и нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр.

**Бицу Анатолэ.** Абы и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, яIэ ущиинныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Бицум и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псэм и дуней», «КIуэцIырыкIыбжэ» тхылъхэр. ГъащIэм акъыл жанкIэ пхырыплъыф усакIуэм и къэгъэщIыныгъэ нэхъыщхьэу ахэр зэрыщытыр.

**Бемырзэ Мухьэдин.** УсакIуэм и усэ тхылъ нэхъыфIхэр: «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр.

**Уэрзэй Афлик.** «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр.

**Мыкъуэжь Анатолэ.** ГъащIэ гъуэгуанэ гугъу къэзыкIуа адыгэмрэ иджырей зэманымрэ теухуа усэхэр («Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжьыхь» усэ тхылъхэр).

**Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ.** УсакIуэ щIалэхэр нэхъ зыхуэусэ, ягъэлъапIэ темэхэр: цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, и нобэрей псэукIэр, ар зыгъэпIейтей е зыгъэгуфIэ Iуэхугъуэхэр, лъэпкъхэм, унагъуэхэм, благъэ-Iыхьлыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр, адыгэм и къэкIуэнум зэреплъыр, нэгъуэщIхэри.

УсакIуэхэу Хьэту П. («Псэгъэкъабзэ», «Бжьыхьэ удж»), Жыкъуэ Гъу. («Кърухэм я уэрэд»), МахуэлI Н. («Гум и пшыналъэ», «Мывэм сопсалъэ»), ГъущIо З. («Шэху уэздыгъэ»), Лъостэн М. («Нэхущ гупсысэхэр»), Къаныкъуэ З. («Уэрэ сэрэ»), Бэлагъы Л. («ГъэунэхупIэ»),

Лыкъуэжь Н. («КъапщIийхэр»), ПщыукI Л. («Си гум и IэпапIэ»), Хьэвжокъуэ Л. («Гухэль налъэ»), нэгъуэщIхэри езыхэм я дуей еплъыкIэ хэха яIэу лъэпкъ поэзием къызэрыхыхьар, зыужьыныгъэ зэрагъуэтар. Абыхэм я лирикэм лъагъуныгъэ, гуапагъэ, дахагъэ темэхэр ебэкIыу, я псалъэхэр щIэщыгъуэу, «сленг щхьэхуэ» яIэу зэрыщытыр.

## 4.3. Методические указания к самостоятельному изучению разделов дисциплины

Самостоятельная работа аспирантов, предусмотренная учебным планом, соответствует более глубокому усвоению изучаемого курса, формированию навыков исследовательской работы и ориентирует аспирантов на умение применять теоретические знания на практике.

Задания для самостоятельной работы составлены по разделам и темам, по которым не предусмотрены аудиторные занятия, либо требуется дополнительно проработать и проанализировать рассматриваемый преподавателем материал в объеме запланированных часов.

Применительно к дисциплине «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы» они наполняются следующим содержанием:

Задание 1 . Работа с учебной литературой.

Задание 2. Работа с основной и дополнительной литературой в библиотеке и дома.

Задание 3. Изучение творчества кабардинских и черкесских авторов. Разбор и анализ их произведений.

Задание 4. Составление устного или письменного план-конспекта ответа на вопросы.

Задание 5. Исполнение письменной самостоятельной работы (реферата) по одной из указанных тем.

Задание 6. Работа с вопросами для самопроверки.

Задание 7. Подготовка к зачету.

### *Темы рефератов*

1. Роль фольклора в формировании адыгской (кабардино-черкесской) литературы.
2. История изучения адыгского фольклора.
3. Роль народной афористики в становлении отдельных жанров литературы.
4. Роль и значение творчества А. Шогенцукова в становлении адыгской литературы.
5. Становление и развитие адыгской (кабардино-черкесской) поэзии.
6. Становление и развитие адыгской (кабардино-черкесской) прозы.
7. Формирование и эволюция жанров адыгской (кабардино-черкесской) литературы.
8. Эволюция национальной драматургии: проблемы и пути их решения.
9. Поиски и свершения в развитии адыгской романистики.
10. Историзм литературы: художественное осмысление исторических событий.

### *Вопросы к зачету*

1. IуэрыIуатэкIэ зэджэр. Ар къызэрежьа щIыкIэр, зэрызиужьар. IуэрыIуатэм гъащIэм щигъэзащIэ къалэнхэр, и плъыфэ нэхъыщхьэхэр.
2. Япэ адыгэ узэщIакIуэхэмрэ абыхэм IуэрыIуатэм пщIэуэ хуащIу щытамрэ: Нэгумэ Ш., Хъан-Джэрий С., КIашэ А-Дж., Берсей У., ХьэтIохъущокъуэ Къ., Тамбий П., Къэшэж ТI., Цагъуэ Нурий, Дым I. сымэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр.
3. Тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосыр. Ар эпос нэхъыжьым къызэрыщхьэщыкIыр.

4. Адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, къытедзэным, джыным и тхыдэр
5. ЦIыхубэ афористикэ: лIэужьыгъуэу щыIэхэр, я мыхьэнэр, щапхъэхэр.
6. УсакIуэ-джэгуакIуэхэр: Таукъуэ Лъэпщыкъу, Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Мэсей Исуп, Мыжей Сэхьид, Сыжажэ Къылъшыкъуэ.
7. УсакIуэхэр: Уэкъуо, Выкхъэ Шухьиб, ПащIэ Бэчмырзэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан.
8. Къэбэрдей-шэрджэс литературэр 30 гъэхэм:
9. Къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ инхэм литературэр къыхэша зэрыхъуар.
10. Драматургиемрэ лъэхъэнэмрэ. Зэманым къигъэщIа, абы и напкъыжьэ зытелъ драматургие лэжьыгъэхэр (Нало Жансэхъу. «Къэхъун»; Тобыл Талъустэн. «Зули», «Зэрылэ»; Тубай Мухьэмэд. «Мэжидрэ Марятрэ»; Шортэн Аскэрбий. «Батыр и къуажэ» («Мурат»).
11. ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан и «КIуэрыгъуэт» трагедиер. Пьесэм и сюжетым IуэрыIуатэ лъабжьэ зэриIэр.

КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэр. Пьесэм лъэпкъ драматургием щиубыд увыпIэр.

12. Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэхэр. Абыхэм я тхыгъэхэм лъэхъэнэ гуащIэр къызэрыхэщыжар.
13. ЩоджэнцIыкIу А. и творчествэр.
14. КIыщокъуэ А. и творчествэр.
15. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэм.
16. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр зауэ нэужь лъэхъэнэм.
17. Шортэн Аскэрбий. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
18. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
19. Къашыргъэ ХьэпащIэ. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
20. Уэхъутэ Абдулыхь. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
21. Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.
22. Щомахуэ Амырхъан. УсакIуэм и сабий усэхэр, ахэр лъэпкъ сабий литературэм и псыпэ зэрыхъуар.
23. Хьэнфэн Алим лъэпкъ сабий литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр. УсакIуэр адыгэ лирик нэхъыфIхэм зэращыщыр, абы и усэхэм хэкур, жылагъуэ Iуэхухэр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр, мамырыгъэр хъумэныр темэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.
24. 50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр. Абыхэм лъэпкъ усыгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэр.
25. КIуащ БетIал. И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
26. Лъэпкъ драматургиер. Адыгэ драматургхэм я къэлъыхъуэныгъэщIэхэр: зэманым къигъэщI Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр, лIыхъужьыщIэхэр утыку къызэрырашэр (Шортэн А. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» (1947), «Зы унагъуэ гуэрым» (1955); КIыщокъуэ А. «Алъхъо» (1950); Щоджэн М. «ГуфIэгъуэ пщэдджыжь» (1953); Къардэн Хь. «Гухэм я хуабэ» (1950), «Гъуэгу пэж» (1959); Тубай М. «Насыпыр хъумэ» (1960), нэгъуэщIхэри).
27. Комедие жанрым игъуэта зыужьыныгъэр.
28. Акъсырэ Залымхъан. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
29. Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ. 50 гъэхэм къыдэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр.
30. КIыщокъуэ Алим и тхыдэ-революцэ романхэр: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» трилогиер. Роман-эпопеем и нэщэнэхэр. Романхэм я гъэпсыкIэр, я бзэр.
31. Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

32. Къардэн Бубэ и зауэ (военнэ) прозэр. «Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужхэр», «Григорий Ликос», «Комбат», «КІыхьщ зауэ гъуэгур», повестхэр.
33. КІэрашэ Тембот. ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ. КІэрашэ Т. и тхыдэ повестхэр («Шапсыгъ пщащэ», «Абрэдж, «Шыхъуэм и лІыгъэ», «Иужьрей уэгъуэ»). «Шу закъуэ» романыр. Романым и ухуэкІэмрэ и бзэмрэ.
34. Нало Ахьмэдхъан. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
35. Тхьэгъэзит Зубер. УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
36. Бещтокъуэ Хьэбас. УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
37. Нало Заур. Рассказхэр щызэхуэхьэса «Къру закъуэ» тхылъыр.
38. IутIыж Борис. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ.
39. МафIэдз Сэрэбий. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.
40. ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
41. Тыуаршы Аслъэн. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
42. Къэрмокъуэ Мухьэмэд. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
43. Къанкъул Заур «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр.
44. КІэрэф Мухьэмэд и повестхэмрэ («Лъэужь е лІэужь», «Сэфар», «Адэ щIэин мылъку хъурэ?») рассказхэмрэ («ЛІыжь хъыбархэр» тхылъым ихуахэр). ТхакIуэм и образхэр къыщигъэщIкIэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ къызэригъэсэбэпыр.
45. Ацкъан Руслан. «ЩхьэегъэзыпIэ», «Къэгъэзэжыгъуэ» усэ тхылъхэр.
46. Бицу Анатолэ. Абы и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, яІэ ущиинығъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Бицум и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псэм и дуней», «КIуэцIырыкIыбжэ» тхылъхэр.
47. Бемырзэ Мухьэдин. УсакIуэм и усэ тхылъ нэхъыфIхэр: «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр.
48. Уэрэзей Афлик. «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр.
49. Мыкъуэжь Анатолэ. ГъащIэ гъуэгуанэ гугъу къэзыкIуа адыгэмрэ иджырей зэманымрэ теухуа усэхэр («Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь» усэ тхылъхэр).
50. Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ.

## 5. Образовательные технологии

Освоение курса «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы» предполагает использование как традиционных, так и инновационных образовательных технологий, а также настоятельно требует рационального их сочетания.

Традиционные образовательные технологии подразумевают использование в учебном процессе таких методов работы, как лекция, практическое занятия, семинар и др.

Лекционные формы обучения являются основными. Их результаты проверяются в рамках соответствующей формы отчетности (зачета) согласно списку вопросов, утвержденных на заседании кафедры.

Используются и интерактивные формы проведения занятий (компьютерные презентации, деловые и ролевые игры, разбор конкретных ситуаций и т.д.) с целью формирования и развития профессиональных навыков аспирантов.

## 6. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации

Формы контроля (*текущего, промежуточного и итогового*) по дисциплине определяются в соответствии с учебным планом образовательной программы и в

соответствии с действующим Положением о фондах оценочных средств для контроля качества образования по программам подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре НОЦ КБНЦ РАН.

Виды контроля знаний:

текущий (в форме экспресс-опросов, рефератов);

промежуточный (коллоквиумы, контрольные работы);

итоговый (зачет, которым завершается курс).

## 7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины

### 7.1. Основная литература

1. *Абазэ А.* Къэбэрдей тхакIуэхэр. Я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ. Карачаевск, 2011.
2. Адыгэ IуэрыIуатэ // Адыгэ литературэм и тхыдэ. Япэ Iыхьэ. – Налшык: КБИГИ, 2010. – Н. 37–81.
3. Адыгэ литературэм и тхыдэ. Япэ том. Налшык, 2010.
4. *Ашхотов Б.Г.* Адыгское народное многоголосие. – Нальчик: изд-во Котляровых, 2009.
5. *Баков Х.И.* Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности. Нальчик, 2010.
6. *Гадагатль А.М.* Память нации. Генезис эпоса «Нарты». – Майкоп: Меоты, 1997 (етIуанэу къыдэкIащ: Майкоп: 2002).
7. *Гутов А.М.* Константы в культурном пространстве. Нальчик, 2011.
8. *Гутов А.М.* Народный эпос. Традиция и современность. – Нальчик: КБИГИ, 2009.
9. *Кудаева З.Ж.* Мифоэпическая модель адыгской словесной культуры. – Нальчик: Эльбрус, 2008.
10. КъардэнгъущI Зырамыку. Тхыгъэ къыхэхахэр. Зыгъэхьэзырахэр: Быхъурэ М.Ф., Табыщ М.А., ЩIыпIынэ А.А. – Налшык: Эль-Фа, 2009.
11. *Нало З.* Ипэрей ядыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010.
12. *Налоев З.* Институт джегуако. Нальчик, 2011.
13. *Налоев З.М.* Этюды по истории культуры адыгов. – Нальчик: Эльбрус, 2009.

### 7.2. Дополнительная литература

1. *Баков Х.И.* Борис Утижев: поэт, писатель, драматург. Нальчик, 2010
2. *Бекизова Л.А.* Ответственность слова. Черкесск, 1981.
3. *Гутов А.М.* Слово и культура. Нальчик, 2003.
4. История адыгейской литературы в 3-х томах. Майкоп, 1999; 2002; 2006.
5. *КIурашын Б.М.* Гъуазэ: Литературэ. Культурэ. IуэрыIуатэ. Тхыдэ. Хабзэ. Налшык, 1996.
6. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр. Н: КъБТТ, 1965, н 352.
7. *Къэрмокъуэ Хь.Гъу.* Тхыгъэхэр: Литературэ. Культурэ. IуэрыIуатэ. Тхыдэ. Хъыбарыжьхэр. Таурыхъхэр. Налшык, 1997.
8. *МэшылI Е.М.* Япэ лъэбакъуэ зычахэр. Налшык, 1968.
9. *Нало З.М.* Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ. Налшык, 1991.

21. *Теунэ Хь.И.* Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэхэмрэ. Налшык, 1956.
22. *Тхьэгъэзит Ю.М.* Зы къуэпскIэ зэпхащ: Статьяхэр. Налшык, 1991.
23. *Тхагазитов Ю.М.* Духовно-культурные основы кабардинской литературы. Нальчик, 1994.
24. *ТIымыжь Хь.Т.* Хэхэс адыгэ литературэ. Налшык, 2005.
25. *ТIымыжь Хь.Т., Тхьэгъэзит Ю.М.* Адыгэ лъэпкъ роман. Налшык, 2009.
26. *Хапсироков Х.Х.* Пути развития адыгских литератур. Черкесск, 1968.
27. *Хапсироков Х.Х.* Восхождение. Творческий путь Алима Кешокова. М., 2002.

28. *Хапсироков Х.Х.* Жизнь и литература. М., 2002.
29. *ХьэкIуащэ А.Хь.* Япэ адыгэ тхакIуэхэр. Налшык, 1974.
30. *ХьэкIуащэ А.Хь.* ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр. Налшык, 1984.
31. *ХьэкIуащэ А.Хь.* Адыгэ усэ гъэпсыкIэ. Налшык, 1998.
32. *ХьэкIуащэ А.Хь.* Тхыгъэ къыхэхахэр. Налшык, 2000.
33. *ХьэкIуащэ А.Хь.* ГурыщIэм и джэрпэджэж. Налшык, 2009.
34. *Шэвлокъуэ П.Ж.* ГъащIэм и пшыналъэ. Литературэ. Культурэ. Искусствэ. Налшык, 1994.
35. *Шортэн А.Т.* Къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий. Налшык, 1950.

### 7.3. Интернет-ресурсы

Электронная библиотека КБГУ
Центр-Интернет
Единое окно доступа к образовательным ресурсам // http://window.edu.ru
Информационно-справочный портал // library.ru
Публичная электронная библиотека // Public- library.narod.ru
Российский общеобразовательный портал // www.school.edu.ru
Русская виртуальная библиотека // www.rvb.ru
Русский филологический портал // www.philology.ru
Федеральный портал «Российское образование» // www.edu.ru
Энциклопедии, словари, справочники // www.enciklopedia.by.ru
Российская государственная библиотека (РГБ) // E-mail: post@rsl.ru
Библиотека Российской академии наук (БАН) // E-mail: ban@info.rasl.spb.ru. http://www.ban.ru

## 8. Программное обеспечение современных информационно-коммуникационных технологий

Учебная дисциплина должна быть обеспечена учебно-методической документацией и материалами. Под информационной технологией подразумевается любая педагогическая технология, поскольку основу технологического процесса обучения составляет получение и преобразование информации. Компьютерные (современные информационно-коммуникационные) технологии обучения – это процесс подготовки и передачи информации обучаемому. При этом средством осуществления их является компьютер. При подготовке к занятиям с использованием ИКТ преподаватель составляет их планы исходя из целей, при отборе учебного материала он должен соблюдать основные дидактические принципы: систематичности и последовательности, доступности, дифференцированного подхода, научности и др. При этом компьютер не заменяет преподавателя, а только дополняет его. Всему этому способствуют презентационные формы занятий, подготовленные для работы с компьютером и интерактивной доской.

## 9. Материально-техническое обеспечение дисциплины

В соответствии с требованиями ФГОС институт должен располагать специализированными кабинетами, лабораториями, соответственно и лингвистическим кабинетом и/или лабораторией.

Для освоения курса «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы» требуется:

– доступ к ЭБС «КнигаФонд» КБГУ;
– доступ к Национальной библиотеке КБР им. Т.К. Мальбахова;
– доступ к Интернет-ресурсам;
– учебный класс, оснащенный оргтехникой и мультимедийными средствами.

В ИГИ КБНЦ РАН имеется и используется следующее специализированное лабораторное оборудование для обеспечения процесса обучения аспирантов:

1. Каб. 42. Оснащен необходимым комплектом техники – компьютерами, подключенными к сети Интернет, принтерами, сканером.
2. Каб. 40. Оснащен необходимым комплектом техники – компьютерами, подключенными к сети Интернет, принтерами, сканером.

В ИГИ КБНЦ РАН также имеется научный архив и специализированная фольклорная фонотека.